O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK

PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

PEDAGOGIKA FAKULTETI’

**Qorgawg’a ruxsat yetilsin**

**Pedagogika fakulteti dekani**

**____________ Z. Klicheva.**

**«Muzi’kali’q ta’lim» kafedrasi’**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’ Joldasbaeva Guljayna Bazarbaevnani’n` «Balalarg`a muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’li’ » temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI’SI’

**Talaba:** **G. Joldasbaeva**

**Ilimiy basshi’:** **u`lken woqı’tı’wshı’ S.S.Kenjebaeva**

**Qorgawg’a usi’ni’s yetilsin**

**“Muzi’kali’q ta’lim”**
**kafedrasi’ basli’g’i’:** **docent S. M. Tajetdinova.**

**No’kis – 2015**

**Tema: Balalarg`a muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’llari’**

Kirisiw

1.Bap. Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q rimtikali’q ta`rbiyani’n’ a`hmiyeti.

1.1.Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketler metodikasi’

1.2.Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketlerdi bag`darlama tiykari’nda rawajlandi’ri’w

1.3.Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q-ritmikali’q ko`nlikpeni qa`liplestiriw usi’llari’

2.BAP. Balalarg`a muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’llari’

2.1.Muzikali’q-ritmikali’q ta'rbiyani’n’ maqseti ha'm wazi’ypalari’

2.2. Muzi’kali’q-ritmikali’q ha’reket turleri .

2.3.Muzi’ka sabag`i’nda muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’llari’

2.4.Mektep woqi’wshi’lari’n ta`rbiyalawda muzi’kali’ ha`reketli woyi’nlardi’ u`yretiw usi’llari’

Juwmaqlaw

Paydalang`an a`debiyatlar.

# M A Z M U N I

**Kirisiw……………………………………………………………………3**

**1.Bap. Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q rimtikali'q ta`rbiyani'n' a`hmiyeti…………………………………………………………………….7**

1.1.Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q-ritmikali'q ha`reketler metodikasi'...9

1.2.Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q-ritmikali'q ha`reketlerdi bag`darlama tiykari'nda rawajlandi'ri'w……………………………………………………12

1.3.Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q-ritmikali'q ko`nlikpeni qa`liplestiriw usi'llari'……………………………………………………………………….15

**2.BAP. Balalarg`a muzi'kali'q-ritmikali'q ha`reketlerdi u`yretiw usi'llari'**

2.1.Muzikali'q-ritmikali'q ta'rbiyani'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'…………………………………………………………………18

2.2. Muzi'kali'q-ritmikali'q ha'reket turleri……………………………. …23

2.3.Muzi'ka sabag`i'nda muzi'kali'q ritmikali'q ha`reketlerdi u`yretiw usi'llari'……………………………………………………………………...27

2.4.Mektep woqi'wshi'lari'n ta`rbiyalawda muzi'kali' ha`reketli woyi'nlardi' u`yretiw usi'llari'…………………………………………………………….35

Juwmaqlaw…………………………………………………………......49

Paydalang`an a`debiyatlar………………………………………………53

## KIRISIW

**Temani’n` aktualli’g`i’:** O`zbekstan Respublikasi’ g`a`rezsizlikke yerisiwi na`tiyjesinde ja`miyetimizde ha`r tu`rli tarawlarda ko`plegen wo`zgerisler ju`zege kelmekte.

G`a`rezsiz O`zbekstan Resupblikasi’ndag`i’ demokratik ma`mleketler yerkin puxarali’q ja`miyet quri’w joli’ndag`i’ u`lken isler insanni’n` a`hmiyetin jan`adan do`retiwge, woni’n` wo`zligin an`lawda imkaniyatlari’n a`melge asi’ri’wg`a, aqi’li’n, woy-wo`sirin rawajlandi’ri’wg`a jan`a jag`daylar jarati’p beredi.

Muzi’ka ma`deniyati’na na`zer salsaq, muzi’ka bul wo`mir ta`sirlerin muzi’kali’ sesler arqali’ insanni’n` pikirin ha`m sezimlerin jetkerip beretug`i’n ko`rkem-wo`nerdin` bir tu`ri. Muzi’ka quwani’shli’, qayg`i’li’ boli’wi’ mu`mkin. Sol sebepli woni’ biz ko`birek a`debiy shi’g`armalarg`a ten`lestire alami’z. Muzi’kali’ shi’g`arma atqari’lg`anda insanda quwani’sh, qayg`i’, miyirbanli’q, tan` qali’w ha`m tag`i’da basqa sezimler woyanadi’.

Muzi’ka na`zik sesler menen atqari’lg`anli’g`i’ sebepli woni’n` ma`nisin so`z benen jetkerip beriw ju`da` qi’yi’n.

Muzi’kali’q shi’g`armani’n` mazmuni’ni’n` sesler arqali’ jetkerilip beriliwi, muzi’kani’n` bir qansha elementlerinin` baylani’sti’ri’wshi’ qag`i’ydalari’na boysi’nadi’.Wolar a`sirler dawami’nda ko`plegen kompozitorlar ha`m muzi’ka tani’wshi’lardi’n` miynetlerinin` tiykari’nan kelip shi’qqan. Sol sebepli muzi’ka ma`deniyati’n jaslardi’n` sana sezimlerine sin`diriw ushi’n wolardi’ woqi’ti’w, ta`lim-ta`rbiya beriw za`ru`rligi tuwi’ladi’. Woni’ iske asi’ri’w ushi’n ata-babami’z aytqani’nday «Jasta alg`an bilimnin` tasqa jazg`an xat penen ten`» degen so`zlerin yeste saqlap ko`p izlenip, miynet yetip balalarg`a kishkene waqti’nan baslap duri’s ta`rbiya beriw kerek. Balalari’mi’zdi’n` muzi’kali’ yesitiw qa`biyletin kishi jastan baslap duri’s ta`rbiyalaw kerek.

O`zbekstan Resupblikasi'ni'n` keleshegi bolg`an jas a`wladti' ta`rbiyalawda bilimlendiriw salasi'ni'n` tutqan worni' ju`da` salmaqli'.

«Bilimlendiriw haqqi'ndag`i' ni'zam ha`m «Kadrlar tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi'» ni'n` talaplari'n a`meliy is ju`zine asi'ra woti'ri'p woqi'ti'wshi' sapasi'n xali'q-arali'q standarti' da`rejesine ko`teriw ushi'n ha`r birimiz at sali'si'wi'mi'z za`ru`r.

A`lbette jan`a g`ana mektep bosag`asi'n atlap shi'qqan jas wo`spirim jan`a g`ana yegilgen na`lshege uqsaydi'. Na`lshe tuti'p, tami'r boylap, miywe beremen degenshe woni' qalay ta`rbiyalasan` jas wo`spirimlerdide usi' ta`rizde ta`rbiyalap bari'wi'mi'z kerek yekenligi na`zerde tuti'ladi'.

Na`lsheler ha`m jas wo`spirimlerdi sali'sti'rg`ani'mi'zdi'n` sebebi, yekewide u`lken itibarli'qti' talap yetedi.

XXI-a`sir bosag`asi'nda sotsial ekonomikali'q qatnasi'qlardi'n` rawajlani'wi'nda insanni'n` aqi'l parasati', ruwxi'y bayli'g`i' negizgi rawajlandi'ri'wshi' qural boli'p yyesaplanadi'. Soni'n` ushi'n insani'yli'q bazar qatnasi'qlari' tiykari'ndag`i' huqi'qi'y demokratiyali'q ma`mleket, yerkin puxarali'q ja`miyet quri'li'si'ni'n` basli' sha`rtleri si'pati'nda qabi'l qi'li'nbaqta. Insanni'n` du`n`yag`a keliwi, tek g`ana tuwi'li'wdan ibarat ta`biy-biologiyali'q jag`day yemes, adamzat dun`yag`a kelgennen son` wo`z zamani'ni'n` wo`siw da`rejesine ko`terliwi ja`miyette wo`z worni'n iyelep ali'wi' tariyxta izin qaldi'ri'wi' kerek. Jan`adan du`n`yag`a kelgen perzenttin` rawajlani'wi'na, ja`miyette qa`liplesiwine u`lken a`wlad wo`zinin` jasaw ha`m miynet ta`jiriybelerin keleshek a`wladqa u`yrete baslaydi'. Bunday ta`rizde ta`rbiya sotsialli'q turmi's arqali' a`melge asi'ri'ladi'. Ja`miyet rawajlang`an sayi'n ka`mil insanlardi' jetilistiriw za`ru`rligi arti'p baradi'.

Jas a`wladti' ha`r ta`repleme ta`rbiyalaw, ta`rbiya tarawlari'ndag`i' ta`jiriybelerdi izertlew na`tiyjesinde pedagogika, estetika pa`nleri a`hmiyetli wori'n iyeleydi.

Pedagogika- bul ta`lim-ta`rbiyani'n` maqseti ha`m wazi'ypalari', ma`mleketlik ta`lim standartlari', ta`lim ha`m ta`rbiya usi'llari', sho`lkemlestiriw formalari', uli'wma woni'n` ni'zamli'qlari' haqqi'nda bilim beretug`i'n pa`n bolsa, al estetikali'q ta`lim insanlardi'n` real du`n`yag`a ko`rkemlik jaqtan ko`z-qaraslari' ha`m woni'n` rawajlani'wi'ni'n` ni'zamlari' haqqi'ndag`i' pa`n boli'p yesaplanadi'. Birneshe da`wirlerden beri woni' go`zzalli'q filosofiyasi' depte ataydi', sebebi wol tiykari'nan go`zzalli'qti' ha`m woni' insanlar ta`repinen qabi'l yetiw wo`zgesheliklerin ko`rkem-wo`ner ha`m woni'n` ma`nisin ni'zamli'qlari'n, tu`siniklerin izertleytug`i'n pa`n.

Prezidentimiz I.A.Karimovti'n` wo`tken 2014 ji'ldi' «Salamat bala» ji'li' dep belgiledi. Usi' mu`na`siybet penen barli'q jerlerde tu`pkilikli o`zgerisler boli'p wo`tildi. Birinshi gezekte balalardi' salamat boli'p jetilisiwinde qi'ymi'l ha`reketlerdi isletiw paydali' worni'nda turadi'.

Adamlar ne ushi'n woyi'n woynaydi'? Bul sorawdi'n` juwabi' qi'sqasha, yamasa uzi'n boli'wi' mu`mkin.

Woyi'n ko`rkem-wo`nerdin` basqa tu`rleri siyaqli', insan wo`mirin ha`m pu`tkil a`lemdi u`yretiwdin` ko`rkem usi'li' boli'p tabi'ladi'. Turmi's ha`diyselerin u`yretetug`i'n pa`nlerdi tu`sindiriw ja`rdeminde, yag`ni'y ko`rkem juwmaqlar menen «pikirleydi» Sa`niyat turmi's protsesslerin (ha`diyselerin) u`yrener yeken, wolardi' ko`rkem uli'wmalasti'rg`an obrazda ko`z aldi'n`a keltiredi.

Woyi'n (raqs-) ken` ko`lemli sa`niyat tu`ri boli'p wonda ko`rkem obraz insan gewdesinin` ritmikali'q baylani'sqan su`wretlew wo`neri ha`reketleri menen jarati'ladi', iske asi'ri'ladi'.

Jumi’sti’n` ob`ekti ha`m predmeti. Jumi’sti’n` tiykarg`i’ ob`ekti balalarg`a muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’llari’ ha`m woni’n` predmetin belgileydi.

Jumi’sti’n` metodologiyali’q tiykari’ ha`m metodlari’. Jumi’sti’n` metodologiyali’q tiykari’na O`zbekstan Respublikasi’ni’n` Prezidenti I.A.Karimovti’n` miynetleri, shi’g`i’p so`ylewlerinde ko`rkem-wo`ner, ma`deniyatti’n` bunnan bi’lay da rawajlani’wi’na baylani’sli’ aytqan pikirleri, usi’ni’slari’ basshi’li’qqa ali’ndi’.

Izertlewdin` a`meliy a`hmiyeti: Keleshegimizdin` dawamshi’lari’ bolg`an balalarg`a muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw ha`m wolardi’n` salamat a`wlad boli’p kamalg`a keliwine tiykarlang`an.

Bizin` bul pitkeriw qa`niygelik jumi’si’mi’zdi’n` tiykarg`i’ maqseti balalarg`a muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw arqali’ wolardi’ salamat a`wlad yetip ta`rbiyalaw boli’p tabi’ladi’.

Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumı’sı’ kirisiw, 2 bap, juwmaq ha`m paydalanı’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## 1.BAP. Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q rimtikali'q ta`rbiyani'n' a`hmiyeti.

Muzi'ka-erteden kiyati'rg`an ko`rkem-wo`ner tu`ri. Insanni'n` barli'q ishki du`n`yasi'n la`rzege keltiretug`i'n qural muzi'kada.

«Muzi'kali' til» dep ataladi'. Muzi'kani' tu`sindiriwshi qural nama boli'p yesaplanadi'. Balani'n` muzi'kali'q ta`rbiyasi'-bul tiykari'nan sazendenin` ta`rbiyasi' boli'p qalmastan yen` da`slep insan ta`rbiyasi'na kiredi.

Xali'qta «Keleshektin` wo`zi bala ta`rbiyasi'nan baslanadi'» dep biykarg`a ayti'lmag`an.

Balani'n` muzi'kali'q ta`rbiyasi'-bala tuwi'lmastan buri'n baslani'w kerek. Muzi'kani'n` tiykari'n qabi'llaw , tu`siniw, muzi'kali' obrazlarg`a tolqi'nlani'wdi' adamg`a yerte jastan sin`dirip bari'w lazi'm. Balani'n` muzi'kali'q ta`rbiyasi' qansha yerte baslansa , sonshama jaqsi' na`tiyje beredi. Bala ta`rbiyasi' besikten baslanadi'. Ha`r bir ana wo`z perzentinin` keleshegine arnap besiktin` shayqati'li'w i'rg`ag`i'na qosi'p jag`i'mli' qosi'qlar aytadi'. «Ha`yiw»- usi'nday qosi'qlar qatari'na kiredi. Ana ha`yiwi u`lken qa`siyetke iye boli'p balani'n` yesitiw qa`biletine muzi'kali' ta`rbiyasi'na, muzi'kag`a bolg`an i'qlasi'ni'n` payda boli'wi'na ta`sir jasaydi'.

Muzi'kali'q ritmikali'q xareketlerge u`yretiw metodlari' ha`r qi'yli'. Bul ko`rsetpege yerisiw ushi'n muzi'kani' woqi'ti'wshi' ta`repinen ko`rgizbeli atqari'li'wi' ( ayaq woyi'n xareketlerinin` ayi'ri'm elementlarin ko`rsetiw), awi'z-yeki (taza woyi'n , ayaq woyi'n haqqi'nda obrazli' ayti'p beriw wolardi' atqari'w waqti'nda tusindiriw yesletiw ha`m sol si'yaqli' metodlar.

Ko`p hallarda ta`kirarlaw shi'ni'g`i'wlar metodi' da u`lken a`hmiyetke iye boladi'. Bular tek ha`reket ta`jiriybelerin iyelew ushi'n yemes ba`kim balalardi'n` biyg`a`rez hallari'nda wolar do`retiwshilik tapsi'rmalardi' atqari'wda da qollani'ladi'. Qosi'q u`yretiw payi'ti'ndag`i'day ritmika boyi'nsha jumi's jurgiziw metodikasi' repertuardi' a`ste asi'qpay u`yretiw,

qosi’qlar, woyi’nlar, a`sirese yen` qi’yi’nlari’n na`zerde tutadi’, sebebi ha`r bir balani’n` jas wo`zgeshelikleri ha`m jeke imkaniyatlari’ yesapqa ali’nadi’. Barli’q usi’l ha’m xa`reketler bir-biri menen baylani’sli’ boli’p birin-biri tolti’ri’p turadi’.

Muzi’kali’q woyi’nlardi’ u`yreniwde pedagog tek qana ko`rsetpeden g`ana yemes ba`lkim obrazli’ formada qi’sqa, ani’q ko`rsetpeler formasi’ndag`i’ so`zden de paydalani’ladi’. Woyi’n menen da`slep tani’sti’rg`anda to`mendegi usi’l yen` maqsetli boli’p ko`rinedi. aweli muzi’ka atqari’ladi’, son`i’nan woyi’nni’n` qi’sqasha ta`ripi beriledi, muzi’ka ta`kirarlanadi’. Son`i’nan balalar woyi’ndi’ atqari’wg`a kirisedi. Bunday usi’l woyi’n waqi’ya menen baylani’sli’ bolmag`anda biraq wo`z ha`reketleri menen ani’q bolg`an waqi’tta ko`birek mu`rajat yetiledi. Qosi’q penen birgelikte woyi’ng`a tu`siw de de a`ne usi’ usi’ldan paydalani’ladi’. O`zbek xali’q qosi’g`i’ “Arg`amchi” bug`an mi’sal bola aladi’.

Xali’q do`retiwshiliginin` ulgisi yesaplang`an balalar woyi’nlari’ wo`zinin` quri’li’si’na qarap ritmlik izshillikke tiykarlang`an qatti’ ha`reket, belgili bir ma`nisti bildiriwshi etnografik detallar, ulgiler, dawi’s elementlari yesaplanadi’.

Balalar woyi’nlari’ni’n` belgili bir qi’si’mi’ adamlardi’n` turmi’si’ni’n` jasaw ta`rizinen miynet yetiw payti’nda qa`liplesken. Awshi’li’q, sharwashi’li’q, diyqanshi’li’q, sonday-aq , qa`dimgi wo`nermentshilik, awladlari’mi’zdi’n` ku`ndelik turmi’s ta`rizi balalar woyi’nlari’ni’n` kelip shi’g`i’wi’na tiykar bolg`an.

Balalar woyi’nlari’nda na`wqi’ran a`wladti’n` psixologiyasi’ wo`zgeshelikleri, ko`rkem atqari’wshi’li’q salmag`i’ ha`m imkaniyatlari’ ta`riyplengen wonda balalardi’n` waqiyalarg`a mu`na`sibetleri , estetikali’q ko`z- qaraslari’ ha`m ra`n`-baren` tuyg`i’-keshirmeleri sa`wlelengen.

Turli woyi’nli’ shi’ni’g’i’war ha`m waqi’yali’ obrazli’ woyi’nlar do`retiwshilikti wo`siriwde u`lken imkaniyatlar beredi. Bul woyi’nlarda

balalardi’n` woyi’nlarda wo`zlerinin` imkaniyati’n ashi’p beriwge ja`rdemlesedi.

## 1.1.Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketler metodikasi’

Muzi’kali’-ritmikali’q ta`rbiyani’n` basli’ wazi’ypasi’ qol ha`m ayaq woyi’n ha`reketi ha`m muzi’ka boli’p tabi’ladi’. Bug`an ritmikali’q shi’ni’g`i’wlar, ha`r qi’yli’ muzi’kali’ woyi’nlar, ko`rkem gimnastika ha`reketleri ha`m ayaq woyi’n kombinatsiyalari’ yamasa shi’ni’g`i’wlar kiredi.

1-Muzi’kali’-ritmikali’q ha`reket. Bular bag`darlama talabi’nda rawajlandi’ri’w. Ha`r qi’yli’ yamasa birdey sozi’mli’qlardag`i’ seslerdin` belgili ta`rtipte izbe-iz yamasa almasi’p keliwi muzi’kani’n` ritmin do`retedi. Balalardi’n` sana-sezimin estetikali’q jaqtan rawajlandi’ri’w ushi’n woyi’n yag`ni’y muzi’kag`a qosi’msha ha`reket yetiw u`lken a`hmiyetke iye. Birinshiden, balalar muzi’kani’ bilip ali’w menen birge woni’n` ritmin yeste saqlaydi’.

2-Muzi’kali’-ritmikali’q ha`reket tu`rleri. Ritmsiz muzi’ka bolmaydi’. Woyi’n ushi’n jazi’lg`an nama shi’g`armalari’ bir neshe tu`rge bo`linedi. Mi’sali’, Pol`ko, Vol`s, Marsh ha`m jeke woyi’n ha`m massali’q woyi’nlar ushi’n arnalg`an nama shi’g`armalari’ boladi’.

3.Muzi’ka-ritmikali’q ha`reketlerdi qabi’llap u`yretiw metodikasi’. Mi’sali’ shi’g`armani’n` ritmin ani’qlaw ushi’n woni’ di’qqat penen ti’n`law kerek. Shi’g`armani’n` ku`shli u`leslerin ani’qlag`annan keyin woni’n` qaysi’ ritmde jazi’lg`ani’n biliwge boladi’. Ritm-bul sozi’mli’qlardi’n` ba`lentligine baylani’ssi’z izbe-izlik dep ani’qlanadi’.

4.Mektepke shekemgi tayarli’q topari’ndag`i’ balalarg`a muzi’kali’-ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw metodikasi’.

Woyi’n muzi’kalari’ mektepke tayarli’q topari’ndag`i’ balalardi’n` jas wo`zesheliklerin yesapqa alg`an halda boli’wi’ kerek. Bul jastag`i’ balalardi’n` sana-sezimi bir qansha rawajlang`an boladi’. Sonli’qtan bul jastag`i’ balalarg`a yoshli’, shadli’ tez nama shi’g`armalari’nan paydalani’wi’mi’z kerek boladi’.

5. Muzi’ka gimnastika. Muzi’ka menen ha`reket islew fizikali’q ta`rbiya boli’p yesaplanadi’. Sebebi muzi’ka menen ha`reket islegende qol ha`m ayaqlardi’ ha`reketke keltiredi. Ha`r qi’yli’ ha`reketti muzi’kani’n` mazmuni’na qaray isleydi.

6.Nota si’zi’g`i’na notalardi’n` jazi’li’wi’. Yen` birinshi nota si’zi’qlardi’n` jaylasi’w ta`rtibi menen tani’sti’rami’z. Nota si’zi’g`i’ni’n` jaylasi’w ta`rtibin toli’q bilgennen keyin notalardi’n` jaylasi’wi’, Nota si’zi’g`i’ni’n` asti’nda, arali’g`i’nda, u`stinde ha`m notalardi’n` atlari’ menen tani’sti’rami’z.

7.Temp, wo`lshem, Ritm. Temp tiykari’nan u`sh tu`rge bo`linedi. A`ste, worta, qatti’ (tez) Wo’lshem tu`rleri 2/4, 3/4, 4/4, 3/8, 5/8, 6/8, 7/8 Muzi’kali’q seslerdin` belgili ta`rtipli tu`rde gezeklesip keliwi.

8.Takt, fraza, toli’q yemes takt. Taktlar a`piwayi’ ha`m quramali’ ta`rizde boli’p keledi. Sonday-aq wol wo`lshemlerdin` yen` a`piwayi’ ha`m quramali’ boli’p keliwin ani’qlaydi’. Muzi’ka ha`reket islewde temp penen baylani’sli’. Muzi’ka shi’g`armalari’n atqari’w yamasa woynawda temptin` qollani’li’wi’ salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi.

Takt dep nama shi’g`armalari’n kishkene bir bo`legine aytami’z. Toli’q emes takt dep qoyi’lg`an wo`lshemge say bolmag`an yag`ni’y yari’m bolsa toli’q yemes takt dep ataydi’. Fraza dep nama shi’g`armasi’ni’n` bir bo`limine aytadi’.

9. Yekinshi kishi topar.

Bul jastag`i’ balalarg`a woyi’nlardi’n` ha`m ha`reketlerdin` a`piwayi’ tu`rlerin u`yretemiz. Ha`r bir woyi’ndi’ ha`reketti bir neshe ma`rte ko`rsetip, sog`an ani’q ha`reket islewine ani’q tu`sinik berip is ha`reketlerin baqlap barami’z.

10.Worta topar.

Balalardi’n` jas wo`zgesheligin yesapqa alg`an halda bul balalarg`a ko`birek ha`reket ha`m woyi’n tu`rlerin u`yretemiz. Qol ha`m ayaq ha`reketlerin ani’q yetip islewge tu`sinik beriw ha`m ko`rsetiw.

11.Ulken topar.

U`lken topar balalarg`a aldi’ng`i’ topar balalari’na qarag`anda shaqqan boladi’. Bul topar balalari’na ju`riw, qol ha`m ayaq ha`reketlerinin` tu`rlerin ko`rsetip beriw ha`m woni’ balalardan talap yetiw.

12. Mektepke tayarli’q topari’.

Bul tayarli’q topari’ balalarg`a bir neshe ji’l dawami’nda woyi’n ha`m gimnastika ha`reket tu`rlerin islep u`yrengen boladi’.

Sonli’qtan woyni’nda qol ayaq is ha`reketleri ani’q ritmge tu`sip, birge ha`reket yetedi.

## 1.2.Balalar baqshalari’nda muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketlerdi bag`darlama tiykari’nda rawajlandi’ri’w.

Balani’n` qa`bileti muzi’kali’q hi’zmet bari’si’nda wo`sedi. Jasti’n` wo`siw waqti’ndag`i’ wo`zgerislerdi yeske ala woti’ri’p. Muzi’kali’q hi’zmetti jas waqti’nan baslap duri’s u`yretiw, pedagogti’n` wazi’ypasi’.

Ma`selen balalardi’ muzi’kali’q dawi’slardi’ ba`lentligine qaray ayi’ra biliwge u`yretpese, wonday balalar 7 (jeti) jastan wo`zinen keyingi (kishkene) bala an`sat atqaratug`i’n wazi’ypani’ atqara almaydi’ .

1-jasqa ayaq basqanda . Psixologlar balalardi’n` yesitiw seziminin` yerte payda bolatug`i’nli’g`i’n aytadi’ . Bala du`n`yag`a kelgennen keyin 10-12 ku`nde-aq dawi’sqa yelekley baslaydi’. Yekinshi ayda- bala muzi’kali’q dawi’sti’ ayi’ri’p ti’ni’shlani’p ti’n`laydi’ . Jaqsi’ wo`sip kiyati’rg`an bala tuwi’lg`an aylari’nan baslap-aq muzi’kani’n` si’pati’na qozg`ali’w kompleksi degen ha`reket penen juwap beredi, quwanadi’ ha`m ti’ni’shlanadi’. Bir jasqa shi’qqanda muzi’ka menen qosi’li’p a`wildey-di bi’ldi’rlaydi’ .

2-jasqa qarag`anda. Muzi’kani’ ti’n`lag`anda balalar ani’q konstrastli’ emotsiyalar ko`rsetedi. Bala joqari’ ha`m to`men dawi’slardi’ ayi’ra baslaydi’. Bala qosi’q aytqan u`lken adamg`a qosi’li’p qaytalaydi’. Muzi’kani’n` dawi’si’na qosi’p qol shapatlawdi’ ayag`i’ menen poldi’ taqi’ldati’p woynag`an boladi’ .

3 ha`m 4 jasqa qarag`anda. Balani’n` sezimtalli’g`i’ zatlar menen muzi’kani’n` qa`siyetlerin arqayi’n ayi’ra alatug`i’n boladi’ . Ha`r bir balani’n` wo`zine jarasa ayi’rmashi’li’qlari’ ani’qlanadi’ . Gey bir balalar an`sat qosi’qti’ qaytalap ayta aladi’. Wo`siwdin` bul waqti’ balani’n` yerkin ha`reketke talpi’natug`i’nli’g`i’n ko`rsetedi. To`rt jasqa tolg`an bala u`lkenlerdin` az g`ana ja`rdemi menen an`sat qosi’qti’ atqara alatug`i’n da`rejege jetedi. Sonday-aq balalar woynawg`a, qosi’q ayti’wg`a mu`mkinshilik beretug`i’n ha`r tu`rli ha`reketler islewge u`yrene baslaydi’ .

5- jasqa ayaq basqanda. Bul balalardi’n` ko`p na`rselerdi biletug`i’ni’n waqti’ ko`p sorawlar berip, ko`p so`yleytug`i’n waqti’. Bala waqi’yalar arasi’ndag`i’ baylani’sti’ aji’rata baslaydi’ . A’piwayi’ pikir ayta aladi’. Bul jastag`i’ balalar ju`da` sezimtal boli’p keledi. Balalar muzi’kani’ yoshli’, quwani’shli’, sabi’rli’ yekenin ; muzi’kali’q dawi’slardi’n` ba`lent, pa`s yamasa qatti’, a`sten shi’qqani’n ayi’ra aladi’ . Balalar qosi’qti’n`, muzi’kani’n` qanday a`sbaplarda woynali’p ati’rg`ani’n` aji’rata aladi’. Apiwayi’ woyi’n (tantsi’lardi’) qalay qi’ymi’lday kerekligin ha`m tez woyi’ndi’ qalay atqari’w kerekligin tu`sinedi.

Bul jastag`i’ balalardi’n` dawi’slari’ ashi’q wo`zgermeli boladi’. Qosi’q intonatsiyalari’ turaqlana baslaydi’. Yelede bolsa u`lken adamni’n` ja`rdemlesiwin talap yetedi. Qosi’q yesitiwge qa`biletleri qa`liplese baslaydi’.

Ha`rekettin` negizgi tu`rleri – juri’w, jug`i’ri’w, sekiriwdi balalardi’n` men`geriwi, wolardi’n` ayaq woyi’nlari’ (tantsa) menen ko`birek shug`i’llani’wi’na mu`mkinshilik beredi . Balalardi’n` ayi’ri’mlari’ wo`zinin` u`yrenshikli qa`biletine qaray istin` tek bir tu`rine g`ana i’qlas qoyadi’ .

6 ha`m 7 –jasqa qarag`anda. Bul balalardi’ mektepke tayarlaw waqti’. Muzi’ka tuwrali’ alg`an bilimleri menen ta`sirleri arqali’ balalardi’ yendi tek sorawg`a – juwap berip qoymay, muzi’kali’q shi’g`armag`a wo`zinshe si’patlama da bere aladi’. Muzi’kani’n` ko`rsetiw qurallari’n tallay biledi . Namadag`i’ ha`r tu`rli seslerdi seze aladi’ . Bala muzi’kalai’q obrazdi’ sol tu`rinde qabi’llawg`a qa`biletli . Woni’n` aynalasi’ndag`i’larg’a degen estetikali’q ko`z-qarasi’n qa`liplestiriw u`lken a`hmiyetke iye. Balalardi’n` sensorli’q qa`biletleri, muzi’kani’n` ju`rgizilgen qa`siyetlerin biliw ushi’n, ju`rgizilgen izlewler wonda qi’zi’qli’ ni’zamlardi’n` bar yekenligin ko`rsetedi . Buni’n` wo`zi balalarg`a muzi’kali’q qa`biletlerinin` jetilisiwine nota boyi’nsha qosi’q ayti’wg`a tayarlani’wg`a kerekli ha`reketleri islewine ja`rdemlesedi. 6-7 jastag`i’ balalardi’n` dawi’si’ buri’ng`i’dan da qatayi’p diopozoni’ u`lkeytedi ha`m dawi’slari’ ashi’la baslaydi’.

Bul jastag`i’ balalar qosi’qlar menen woyi’nlardi’ wo`z betinshe tvorchestvoli’q (do`retiwshilik) ko`riniste atqaradi’ . Muzi’kag`a degen jeke qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ menen qa`bileti woni’n` ko`rine baslaydi’ .

Ritmika sabag`i’n woqi’ti’wg`a ha`m ta`rbiyalawg`a ani’q tapsi’rmalar belgilenedi . Muzi’kali’ obrazdi’n` kelisilgen ha`reket harakterin qabi’llawi’n, rawajlani’wi’n balalarg`a u`yretip, ani’q muzi’kali’ ko`rkemliligin, ritmliligin ha`m ko`rkem ha`reketleniwin woynaw, xorovod (seyil), pol`ka woyi’nlar tu`rin sabaqta tani’si’w

<u>Ritmikali’q sezimin rawajlandi’ri’w.</u> Muzi’kada ritmikali’q ko`rkem ha`reketlerdi seziwdi balalarg`a u`yretiw.

Ko`rkem do`retiwshilik uqi’pli’li’g`i’n rawajlandi’ri’w: mektepke shekemgi u`lken topar balalari’na woyi’n obrazi’ni’n` ha`r qi’yli’ yekenin jeke ayi’ra aladi’, alg`an tu`sinigine su`yene woti’ri’p, wo`zlerinin` yerkin is ha`reketleri menen xorovod (seyil), qatarg`a diziliw, woyi’n ha`reketlerin ja`mlestirip wo`zlerinshe ha`reket woylaydi’ .

Bul tapsi’rmani’ sheshiw bag`darlama talabi’na tiykarlani’p wori’nlanadi’, muzi’kali’ obrazdi’ ha`reket xarakterine juwap beretug`i’n mazmuni’n ha`m rawajlandi’ri’w.

Ritm muzi’kali’-ritmikali’q ha`reketke ken` mag`anada tu`sinedi. Muzi’ka obrazi’ni’n` izbe-iz rawajlani’wi’ bug`an kiredi (u`lken bolmag`an qatarg`a diziliw ha`m muzi’kali’q bezewdi seziw, woylaw). Muzi’kali’q shi’g`armasi’ni’n` quri’li’si’n, tempin, dinamikali’q belgisin, registr, metroritm, bulardi’n` baylani’sli’li’g`i’n biliw kerek.

## 1.3.Balalar baqshalari'nda muzi'kali'q-ritmikali'q ko`nlikpeni qa`liplestiriw usi'llari'

Sezimtalli'q balalarda ryerte baslanadi', aldi'n ala muzi'ka shi'g`armasi'n qabi'llap ali'p, shi'g`armasi'ndag`i' forma, temp, dinamika, metroritm bulardi'n` ta`sirin ha`reketke qosi'w. Tablitsa da baqlap ko`rgenimizdey-aq (gorizontal) muzi'kali'-ritmikali'q ko`nlikpesinin` qi'yi'nlasi'wi' uli'wma ko`lemi ha`r bir jas wo`spirim toparda bag`darlama talabi'na say.

Bag`darlama xarakterinin` ayri'qshali'g`i' belgilep aldi'ng`i' ko`nlikpe, yamasa tema u`stinde islep baslag`ani'mi'zda, kishi ha`m izbe-iz toparlarg`a talaplar qi'yi'nlasi'p baradi'. Mi'sal; muzi'kani'n` a`sten, yamasa qatti' qoyi'p kishi jastag`i' balalardan talap yetsek, wol wonda tayarli'q topari'ndag`i' balalarg`a sestin` yesitiliwin ku`shsiz yamasa ku`shli yekenligin qabi'llawi' sha`rt.

Shi'ni'g`i'wlarda xorovod, qosi'q ayti'p woynaw. Woyi'n u`yrenip, wo`zlestiriw bari'si'nda muzi'kali'-ritmikali'q ko`nlikpesi artadi'. Muzi'kani' toli'g`i' menen qabi'llawdi', soni'n` ishine uli'wma xarakterin balalarg`a u`yretiwimiz kerek .

Wo`tken materialdi' u`yretkenimizde jaqsi' u`lgerip ati'rma ha`m de aldi'ng`i' sabaq bari'si'nda alg`an ko`nlikpesin qanday yekenine sabaq bari'si'nda kewil awdari'wi'mi'z kerek. Mi'sali', woyi'ng`a «Elka qosi'g`i'» muzi'kasi' A.Sultanov. Bul nama shi'g`armasi'ni'n` ko`rkemliligi qanday yekenin, tempi ha`m qanday woyi'n ha`reketlerin islewge boladi'. Bul shi'g`arma jan`a ji'ldi' ku`tip alg`anda ju`da` maqul boladi' .

Ha`rekettin` ko`rkemliligi: Muzi'ka xarakterine juwap beretug`i'n ha`reketti islew ushi'n, ko`p ha`reket tu`rlerine iye boli'wi'mi'z kerek. Woyi'ng`a fizikali'q shi'ni'g`i'w ha`reket tu`rlerinen alami'z.

Dene ta`rbiyasi'nda tiykarg`i' ha`reketler saylani'p ali'nadi', juri'w, juwi'ri'w, sekiriw, woyi'n ha`m seyil woyi'nlardi' bul ha`reketler

paydalani’ladi’. Gewde, ayaq gewdenin` joqarg`i’ woyi’n, soni’n` menen gimnasti’qali’q shi’ni’g`i’wlardan paydalanadi’.

Wortan`g`i’ ha`m joqarg`i’ jastag`i’ balalarg`a bul ha`reketlerdi ha`r qi’yli’ zat (top, bayraqsha, lenta ha`m t.b.) bularsi’z ha`rekette u`yrene almaydi’ . Bunan basqa da ha`reketten` (ju`riw, qatarg`a diziliw ha`m aylanba, jubi’ menen t.b.) xorovod (seyil) woyi’n woynaw ushi’n .

Muzi’ka bag`darlamasi’nda , dramaturgiya syujeti shegaralari’, qosi’qti’n instsenirovkali’ wo`z-ara ta`siri ishinde, muzi’kali’ woyi’nli’ obrazlardi’, yertektegi personaj si’yaqli’ ta`sir yetip ko`rsetedi . Balalar u`lkenlerdin` miynetlerin, dene ta`rbiyasi’ni’n` ha`reketlerin, quslardi’n` ha`m haywanlardi’n` ko`rinisleri haqqi’nda ha`r qi’yli’ yeste qalg`anlari’n tema bag`darlar, kino fil`mler, teatrdag`i’ spektakller arqali’ toli’qti’radi’ .

Ayaq-woyi’nlari’ shegaralari’ bul xali’q ayaq-woyi’nlari’ elementlerinen paydalani’p, mektepke shekemgi balalardi’n` qolayli’ wo`zlestiriwi boli’p tabi’ladi’. Muzi’ka xarakterin keltiriwde, fizkul`tura ha`reketinen, drama syujetinen ayaq-woyi’nlari’nan, ritmikani’ u`yretiwde ha`reket belgili xi’zmet atqaradi’ .

Dene ta`rbiyasi’ sabag`i’nda ju`riwdi u`yreniw waqti’nda, tuwri’ qa`ddi boydi’ uslawg`a di’qqat boli’w kerek, ayaq-qollar da`l sa`ykes tu`rde ha`rekette boli’w kerek . Bul talaplar muzi’kali’q sabaqlarda ko`rsetiledi, biraq, buni’n` do`gereginde ju`ris ha`reketinin` wo`zgeriwleri muzi’ka su`yemelewine baylani’sli’ boladi’, marsh shi’g`armasi’ saltanatli’ atqarg`an waqi’tta ha`reket ani’q shi’qqan boli’wi’ kerek .

## 2.BAP. Balalarg`a muzi’kali’q-ritmikali’q ha`reketlerdi u`yretiw usi’llari’

### 2.1.Muzikali’q ritmikali’q ta'rbiyani’n' maqseti ha'm wazi’ypalari’

Muzi’kali’q-ritmikali’q ta'rbiyani’n' basli’ wazi’ypasi’ ayaq-woyi’n h'a'reketi ha'm muzi’ka boli’p tabi’ladi’. Bug'an xoregrafiyali’q ha'm ritmikali’q shi’ni’g'i’wlar, ha'r qi’yli’ muzi’kali’ woyi’nlar, ko'rkem gimnastika ha'reketleri ha'm ayaq-woyi’n kombinatsiyalari’ yamasa shi’ni’g'I’wlari’ kiredi. Mektep bag’darlamasi’nda dene ta'rbiyasi’ sabag'i’ndag'i’ ritmikali’q h'a'reketlerge muzi’ka yen' kerekli metodikali’q qollanba boli’p tabi’ladi’.

Ha'r qi’yli’ yamasa birdey sozi’mli’qlardag'i seslerdin' belgili ta'rtipte, izbe-iz yamasa almasi’p keliwi muzi’kani’n' ritmin do'retedi. Ritmsiz muzi’ka bolmaydi’. Ha'reketke baylani’sli’ muzi’kalarda: marsh, ayaq-woyi’n, muzi’kalarda ritm u'lken a'hmiyetke iye. Tek ritmnen ibarat bolg'an ayaq woyi’n shi’g'armalari’ da boladi’. Mi’sali’, wo'zbekshe «Doyra raqs», ta'jikshe, h'indshi’n ha'm t.b. xali’qlar woyi’nlari’ kiredi. Bul woyi’nlar tek da'p (doyra, ci’ldi’rma) yamasa baraban ha'm de nag'ara ja'rdeminde atqari’ladi’. Mi’sali’, shi’g’armani’n' ritmin ani’qlaw ushi’’n woni’ di’qqat penen ti’n'law kerek. Shi’g'armani’n' ku'shli u'leslerin ani’qlag'annan keyin, woni’n' qaysi’ ritmde jazi’lg'ani’n biliwge boladi’. Ritm - bul sozi’mli’qlardi’n' ba'lentliligine baylani’ssi’z izbe-izlik dep ani’qlanadi’.

Woqi’wshi’lardi’n' sana-sezimine estetikali’q jaqtan rawajlani’w ushi’n woyi’n yag'ni’y muzi’kag'a qosi’mshi’a h'a'reket yetiwi u'lken ah'miyetke iye. Birinshiden: woqi’wshi’lar muzi’kani’ bilip ali’w menen birge woni’n' ritmin yeste saqlaydi’. Ekinshiden: woyi’n muzi’kalar menen ha'reket yetken sayi’n deneleri shi’ni’g'i’p, qi’zi’g'i’wshi’li’g'i’ artadi’. Sonday-aq wo'siwine wo'z ta'sirin tiygizedi.

Woyi’n muzikalari’ kishi jastag'i balalarg'a tez ta'sir yetedi. Soni’n' ushi’n da kewilli, yoshi’li’ jazi’lg'an namalar woqi’wshi’i’lardi’n' di’qqati’n wo'zine tartadi’, balalardi’n' ritmikali’q jaqtan rawajlani’wi’na ayaq-woyi’n ha'reketleri, gimnastikali’q shi’ni’g'iwlar, sonday-aq, xorovod boli’p woynawlar, jup-jup

woynawlar ha'r bir muzi’kali’q shi’g'armani’n' kompleksi boli’p ayti’li’wi’na ja'rdem beredi.

Xoreografiyali’q ha'reketlerdi tan'lawda woqi’wshi’lardi’n' qa'biletlerine, u'lgeriwlerine qarap, qolayli’ muzi’kalar menen ko'rsetiledi.

**Muzi’ka du'nyasi’na birinshi qa'dem**

5-------------------------------------

4------------------------------------

3-----------------------------------

2----------------------------------

1-------------------------------------

Do – qosi’msha si’zi’qta jaylasadi’

Re - birinshi si’zi’qti’n' asti’nda

Mi - birinshi si’zi’qta

Fa - birinshi menen yekinshi si’zi’qti’n' wortasi’nda

Sol - yekinshi si’zi’qta

Lya - yekinshi menen u'shinshi si’zi’qti’n' wortasi’nda

Si - u'shinshi s’izi’qta jasaydi’

Muzikanin' o’lshemleri to'mendegishi’e boladi:

Pu'tin nota - li, 2i, 3i, 4i g'a ten'

Yari’mli’q nota- li, 2i. g'a

Shereklik nota - 1i g'a ten'

Segizlik nota - lge ten'

Won alti'li’q nota-1i ge yekewi keledi

Usi’ notalardi’n' barli’g'I’n woqi’wshi’larg'a ha'reket penen ko'rsetip, tu'sindirip beriw kerek (shappat penen a'melde).

**Qaraqalpaq xali’q ayaq-woyi’nlari’ haqqi’nda qi’sqasha tu'sinik**

Qaraqalpaq folklorli’q woyi’nlari’ ra'n'be-ren' ha'm ko'pligi menen tan'landi’radi’. Wolar a'debinde balalardi’n' ha'r qiyli’ woyi’nlari’n rawajlani’wi’na kele, professional da'rejege ko'terilgenligi ani’q ko'zge taslanadi’. Qaraqalpaq xali’q naqil-maqallari’nda «Bala woyi’ng'a toymaydi’, aqi’lsi’z uyqi’g'a toymadi’» delingen. Bunda bala woyi’n menen aqi’lli’li’g'I’n ko'rsetse, jaqlaw – aqi’lsi’z uyqi’si’ menen ko'rinedi, degen naqi’llar a'zelden ken' tarqalg'an. Da'slepki qaraqalpaqsha ayaq woyi’nlardan «ilme Sultan», «Shabandozlar», «A'muda'rya», «Sonday ku'ldim», «Ayqulash», «Qi’rq qi’z». Bulardan birinshi qaraqalpaq ayaq woyi’nlari’ boli’p yesaplanadi’. Wolar Liza-xanum Petrosova ta'repinen 1951 –ji’ldan baslap qoyi’la baslag'an ha'm ha'zirge shekem saxnalanmi’zda ha'reketleri bayi’ti’lg'an da'rejede qoyi’li’p kelmekte.

Mektep jobalasi’nda ko'rkem gimnastika shi’ni’g'I’wlari’n wori’nlaw ushi’n muzi’ka yen' kerekli metodikali’q qollanba boli’p tabi’ladi’. Ko'rkem gimnastikani’n' shi’ni’g'I’wlari wo'zinin' metodikali’q ma'seleleri boyi’nsha ush bo'limge bo'linedi.

Birinshi - tayarli’q bo'limine uli’wma fizikali’q rawajlani’w tiykarg'I’ koordikatsiyali’q h'a'reketler, yen' kerekli fizikali’q ta'rbiya shi’ni’g'I’wlari’ kiredi. Bul bo'limge sapta ha'm izbe-izlik shi’ni’g'I’wlar; ju'riw, ju'giriw, sekiriw ha'm t.b. ku'shti shi’g'aratug'in ha'reketler, prujinali’q silkiw, tolqi’nli’ shi’ni’g'I’wlar, akrobatikali’q shi’ni’g'I’wlar kiredi.

Yekinshi - tayarli’q bo'lim arnawli’ koordinatsiyali’q shi’ni’g'I’wlar ha'm ko'rkem gimnastikani’n' arnawli’ ha'reketleri kiredi. Arnawli’ koordinatsiya degende - tanets (ayaq-woyi’n) ha'reketlerine baylani’sli’ koordinatsiyag'a tu'sinemiz. Wolarg'a ju'riw, ju'giriw, sekiriw, aylani’wlardag'I’ arnawli’ shi’ni’g'I’wlar kiredi. Soni’n' menen bir qatarda top, skakalka, flaglar menen xali’q ayaq-woyi’nlardi’n' elementleri kiredi.

U'shinshi - arnawli’ bo'lim boli’p, qi’yi’n, quramali’ jag'daylarda iyelegen bilimlerdi qollana biliwdi u'yretedi. Wog'an ha'r tu'rli xarakterdegi muzi’kalar menen wori’nlanatug'I’n ha'reketler, shi’ni’g'I’wlar ji’yi’ndi’si’ ayaq-woyi’n kombinatsiyalari’ muzi’kali’ woyi’nlar kiredi. Wolar xarakteri ha'm kompozitsiyali’q qunli’si’ jag'I’nan h'a'r qi’yli’ boli’p, qanday da bir predmet penen yamasa predmetsiz wori’nlanadi.

Ko'rkem gimnastikani’n' shi’ni’g'I’wlari’ni’n' klassifikatsiyasi’ to'mendegishe:

I- tayarlawshi’ bo'lim

2.Sapta turi’w ha'm izbe-izlik.

3.Uli’wma rawajlandi’ri’wshi’ shi’ni’g'I’wlar

A) qa'ddin duri’s uslawg'a qarati’lg'an shi’ni’g'i’wlar,

B) ku'shti, jumsaqli’qti’ payda qi’latug'I’n shi’ni’g'I’wlar,

V) prujinali’q, tolqi’nli’, siltewshi (vzmax) ha'reketler.

Akrobatikali’q shi’ni’g'I’wlar.

Qosi’msha shi’ni’g'I’wlar.

II- tiykarg'i bo'lim.

Ju'riw

Ju'giriw

Sekiriw

Ten' salmaqli’li’qti saqlawg'a qaratilg'an shi’inig'iwlar

Aylani’wlar 360°, 720° ha'm t.b.

Predmet penen wori’nlanatug'i’n shi’ni’g'i’wlar

Xali’q ayaq-woyi’nlari’ni’n' elementleri

III- arnawli’ bo'lim

Ha'r qi’yli’ xarakterdegi muzi’ka menen wori’nlanatug'i’n shi’ni’g'i’wlar

Muzi’kali’ woyi’nlar

Shi’ni’g'I’wlar ji’yi’ndi’si’

4. Tanets (ayaq-woyi’n) kombinatsiyalari’

Ko'rkem gimnastika shi’ni’g'I’wlari’ni’n' wo'zgesheligi - bul dinamikali’q wo'zgeris ha'm pu'tinligi bolip tabi’ladi’. Pu'tin shi’ni’g'I’wlarda bulshi’q yetler ha'm buwi’nlardi’n' (sustavlardi’n') barli’g'I’ yamasa ko'pshiligi qatnasadi’. Bul organlardi’n' sezimtalli’g'I’n, ha'reketlerdin' koordinatsiyali’q ta'rbiyasi’n, ha'reketshen'ligin ha'm bulshi’q yetlerdin' sezimtalli’g'I’n artti’radi’. Dinamikali’q shi’inig'iwlarda tez ha'm wo'zgermeli ha'r qiyli’ li’'a'reketler bulshi’iq yettin' tartili’wi’n ta'miyinleydi, wolardi rawajlandi’radi’ (amplituda, temp ha'm tezlik ha'reketler bulardin' barli’g'i bir jaylasi’wdan yekinshi’i jaylasiwg'a wo'zgeriwi) bulardin' barli’g'i organizmde bolip wo'tetug'in protsessler ushi’in qolayli’ jag'day tuwdiradi. Bul shi’ni’g'iwlar qi’yi’nshi’li’qtag'i’ adamlar ushi’n boli’p, ha'r qiyli’ tayarli’qtag'i adamlar ushi’n qolayli’.

Pu'tinlilik ha'm dinamikali’g'i muzika menen birlesip, ko'rkem gimnastikanin' wo'zgeshe texnikali’q shi’ni’g'i’wlardi’ payda yettiredi. Wolar ayaq-woyin ha'reketleri si’pati’nda paydalani’ladi. Bul degenimiz a'piwayi’ gimnastikani’n' shi’nig'iwlari’nan ayi’rmashi’li’g'i’ boli’p tabi’ladi’. Shi’ni’g'iwlardi’n' muzi’ka menen baylani’si’ bulshi’q yetlerdin' iskerligine mu'mkinshilik tuwdi’ri’p beredi. Temptin', ritmnin', ha'reketleri, elementlerin rawajlandi’radi’. Bulardi’n' barli’g'i joqari’ texnika ha'm ha'reketlerdin' ko'rkemliliginin' tiykari’ boli’p tabi’ladi’. Ko'rkem gimnastikadag'i’ muzi’ka metodikali’q usi’l boli’p, so'z benen ayti’latug'i’n na'rseni su'wretlep beriwge ja'rdem beredi. Sabaq bari’si’nda muzi’kali’q-pedagogikali’q ha'm metodikali’q wazi’ypalardi’ atqari’wg'a xi’zmet yetedi.

## 2.2. Muzi’kali’q-rimtikali’q xareket turleri .

Woyi’n yen` aktiv do`retpe xi’zmeti boli’p , muzi’kani’n` emotsianalli’q mazmuni’na bag`darlang`an halda wol obrazli’ ha`reket arqali’ iske asi’ri’ladi’ Bag`darlama ko`nlikpelerin ayri’qsha men`geriwde woyi’nni’n` ani’q syujetke iye boli’wi’, qag`i’ydalar, muzi’kali’ sabaq tapsi’rmalari’ ja`rdem beredi .

Muzi’kali’q shi’g`armalari’ ha`m woyi’n mazmunlari’ uli’wma ta`rbiyali’q ma`selelerge juwap beredi. Mektepke shekemgi muzi’kali’q ta`rbiya metodikasi’nda woyi’nni’n` eki tu`ri belgilengen: a`sbaplar muzi’kasi’ ta`sirindegi woyi’n ha`m qosi’q penen birgelikte atqari’latug`i’n woyi’n.

A`sbaplar ja`rdemindegi woyi’n syujetli ha`m syujetli yemes boli’p bo`linedi, belgili atqari’wshi’ obrazi’ ani’q ko`rinedi .

Syujetli yemes (ha`reketshen`y woyi’nlardi’n` ha`r tu`rliligi) muzi’kag`a baylani’sli’ qag`i’ydalar, mi’na ma`selelerdi, muzi’kali’ shi’g`armalardi’n` forma ha`m xarakterin mazmuni’na say sheshiledi. Solay yetip, muzi’kali’q tapsi’rmalari’ boyi’nsha didaktikali’qqa kiredi. Al xarakteri boyi’nsha ha`reketshen`. Wolardi’n` mazmuni’ toli’g`i’ menen muzi’kag`a baylani’sli’. Woyi’nlar, ayaq woyi’nlar, qol uslasi’p qosi’q ayti’p, woynaytug`i’n woyi’nlar .

Muzi’kali’ - ritmli ha`reketler wo`zine ta`n formag`a iye, balalar woyi’nlari’, ayaq-woyi’nlari’, qol usi’lasi’p qosi’q ayti’p woynaytug`i’n woyi’nlar, xali’q woyi’nlari’ ha`reketlerinin` elementleri kiredi .

Woyi’nlar (plyaski) di’n` to`mendegi tu`rleri bar .

1.Ha`reketlerdin` su`wretleniwi woyi’nlari’ muzi’kali’ shi’g`armani’n` du`zilisine baylani’sli’ boladi’ .

2.Kombinatsiyalang`an (u`ylestirilgen , birlestirilgen) woyi’n. Bug`an ha`reketti su`wretlew ha`m yerkin shi’g`armadag`i’ ha`reket kiredi .

3.Yerkin woyi’nlar (plyaski). Bul xali’q woyi’nlari’ melodiyasi’ (birliginde) atqari’ladi’ ha`m do`retiwshilik xarakterge iye.

Xorovod (qol uslasi’p qosi’q ayti’p woynaw) xali’q qosi’qlari’ menen baylani’sli’ boli’p, balalar woni’n` syujetli woyi’n ha`reketleri menen intsenirovkalaydi’.

Balalar bal`ni’y ( jupli’q ) woyni’na ha`r qi’yli’ polka, qos ayaqlap woynaw, val`s ta`rizli ha`reketler kiredi. Jen`il janli’, qi’zg`i’nli’ xarakterdegi muzi’ka ko`birek ayaq woyi’n xa`reketleri elementlerin qaytalati’p turadi’.

Wo’zine ta`n xarakterli ayaq-woyi’ndi’ yerkin ayaq-woyi’n ha`reketlerin qatnasi’wshi’ mo`nerli’ atqaradi’. Muzi’ka shi’g`armasi’ni’n` mazmun ma`nisine, xarakterine, tempine, ritmine baylani’sli’ ha`reket tu`rleri woyi’ng`a maslasti’ri’ladi’. Kishkene balalarda ayaq-woyi’n ha`r qi’yli’ ha`reket woyi’nlari’ menen ti’g`i’z baylani’sta iske asi’ri’ladi’. Mi’sali’ balalar woyi’ni’na "Ha`kke qayda", "Pi’shi’q-ti’shqan", "Aq terekpe- ko`k terek".

Joqari’da ko`rsetilgen woyi’nlardi’ u`yretkenimizde jas wo`spirim balalardi’n` shaqqanli’qqa, uqi’pli’li’qqa, yeste saqlawg`a ha`m de balalardi’n`` rawajlani’wi’na wo`zinin` salmaqli’ u`lesin qosadi’ .

Muzi’kali’- ritmikali’q ko`nlikpeler ha`r qi’yli’ woyi’nlardi’, qol uslasi’p, qosi’q ayti’p woyi’n woynawshi’ woyi’nlardi’ yen` basli’ maqsetti u`yrnetip wo`zlestiriw boli’p yesaplanadi’ .

Geypara woyi’nlarda qosi’msha repetitsiya, qayta shi’ni’g`i’wlar talap yetedi.

Mi’sali’ : qayta shi’ni’g`i’w islew da`l ritmikali’q su`wretleniwinde aktsentke itibar beriwimiz kerak. Mug`allim tapsi’rmalardi’n` qi’zi’qli’, ko`rinisli formalari’n, balalardi’n` woni’ duri’s wo`zlestiriwinde ja`rdem beredi

Geypara shi’ni’g`i’wlardi’n` ko`rkemliligin woyi’n obrazlari’ni’n` jetkerilip beriliwine, ju`riw, jug`i’ri’w, sonday-aq repetitsiya ja`rdeminde islep ko`nlikpelerdi arti’radi’

Muzi’kali’q ritmikaliq gimnastika yamasa ritmika sistemasi du`n`ya ju`zine tarali’p, ha`zirgi waqi’tta da ken`nen paydalani’lmaqta.

D.Omonullaevti’n` sabaqli’g`i’nda “Baslawi’sh klasslarda ritmikali’q ha`reketlerdi wori’nlaw, woqi’wshi’lardi’n` fizikaliq rawajlani’wi’na tiykar jaratadi’ deydi. Sonday-aq, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` dawi’s apparatlari na`zik boli’p, wolardi’n` di’qqati’, tili, diktsiyasi’, yadi’ toli’q rawajlanbag`anli’g`i’ sebepli, muzi’ka sabaqlari’nda ritmikali’q ha`reket iskerligin tez-tez almasti’ri’p turi’w lazi’m” deydi.

Sabaq dawami’nda to`mendegi ha`reket tu`rlerinen paydalani’w usi’ni’s yetiledi: marsh muzikalari’na qa`dem taslaw, juwi’ri’w, woyi’n elementlerin wori’nlaw, wo`z betinshe woyi’nlar wo`tkeriw, muzi’kani’n` xarakterine sa`ykes tu`rli qol ha`m dene ha`reketleri menen wori’nlaw[1].

Balalardin` muzikaliq qa`biletlerinin` lad tiykari’nda rawajlani’wi’ ushi’n, a`melge asi’ri’li’p ati’rg`an bir qansha metodlar u`lken a`hmiyetke iye.

Balalardi’n` yesitiw qa`biletlerin rawajlandi’ri’w maqsetinde usi’ metod ha`zirgi da`wirde na`tiyjeli qollani’p kelmekte.

1-klassta muzi’kali’q ritmikali’q xa`reketli woyi’nlardi’ u`yretiwde yen` birinshi muzi’kani’ dene ta`rbiyasi’ pa`ni menen baylani’si’n ko`riwimizge boladi’. Sebebi mekteptegi ba`rshe pa`nler bir- biri menen baylani’sta boli’p o`z xi’zmetin atqaradi’ Mi’sali’ muzi’ka sabag`i’ni’n` basqa pa`nler menen baylani’si’nda woqi’wshi’larg`a qoyi’latug’i’n talaplardi’ beligilep wo`tsek boladi’:

bular woyi’n baslang`anda di’qqat berip , woyi’n mazmuni’n an`lap ali’w ha`m woyi’n waqti’nda wo`yin mazmuni’n an’lap ali’w ha`m wo`yin waqti’nda bir-birewge ja`rdem beriw talap yetiledi. Woyi’nshi’lar woqi’ti’wshi’ni’n` qoshametlewlerine ha`m komanda sardari’ni’n` qag`i’ydalari’na a`mel qi’li’wi’, wo`yi’n baslang`anda wo`z jaylari’n ani’q iyelewge, "Aq terekpe, ko`k terek", "Hurmacha bog`i", "Quruwshilar", "Kosmonavtlar" ha`m basqa hareketli wo`yi’nlar arqali’ shaqqanli’q, tezlik, uli’wma shi’damli’li’qti’

[1] Sharapova «Musiqa uqitish metodikasi» Bolalar cholg`u asboblarida jur bulish 22 bette. Toshkent 2003

rawajlandi’ri’wg`a soni’n` menen birge sezgirlik ha`m yeste saqlaw pa`ziletine ta`rbiyalaydi’ .

Birinshi klassta woyi’n elementlerine "Andijon polkasi" nda qol ha`m ayaq ha`reketlerin islew. Woyi’n payi’ti’nda qol ha`m ayaq ha`reketi elementerin u`yretip muzi’ka menen birgelikte xali’q woyi’ni’na say woyi’n elementlerin islew. "Chittigul", "Chertmak", G`azlar woyi’ni’", "Vals qademleri" x.t.b.

1-klassta muzi’kali’q ritmikali’q xa`reketli woyi’nlardi’ u`yretkende ha`reketli woyi’nlardi’n` balalar organizmine ta`siri, wolardi’n` fizikali’q jaqtan salamat boli’p rawajlani’wi’nda, denesinin` shi’ni’g`i’wi’nda , qa`ddi qa`wmetti tiklewde , ha`reket xi’zmetinin` wo`siwi muzi’kali’q ritmikali’q ha`reketli woyi’nlardi’n` ta`lim- ta`rbiyani’ rawajlandi’ri’wdag`i’ a`hmiyeti, wo`yi’n qag`i’ydalari’na a`mel qi’li’w .

Bul wazi’ypalardi’ atqari’w ushi’n woqi’wshi’larg`a to`mendegi wazi’ypalar qoyi’ladi’:

Ha`reketli woyi’nlardi’n` ta`rtip qag`i’ydalari’n biliwi kerek.

"Muzi’kag`a qosi’li’p birge juriw arqali’ woqi’wshi’lardi’n` qa`ddi qa`wmeti ha`m denesi tik juriwge u`yrenedi.

Woyi’n elementlerin atqarg`anda « Andijan pol`kasi’», «Lazgi», «Qa`demler menen sekirip aldi’g`a ha`m won` ta`repke juriw. Qol ha`m ayaq ha`reketlerin muzi’kag`a maslap jurip u`yreniw talap yetiledi.

## 2.3. Muzi'ka sabag`i'nda muzi'kali'q ritmikali'q ha`reketlerdi u`yretiw usi'llari'.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' jaqsi' kordinatsiyag`a iye boladi'. Wolar ju`riw, jugiriw,sekiriw si'yaqli' xa`rektke iye boladi'. Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' muzi'ka menen improvizatsiya islewge top ha`m de basqada ha`r qi'yli' zatlar menen ha`reketler islewge uqi'pli' boladi'. Wolar muzi'ka menen ha`reket islewge qi'zi'g`adi'. Bul ha`reket balani'n` muzi'kali'q rawajlani'wi'na tiykar boladi'.

Waqi'tti'n` mo`lsherinin` az boli'wi'na qarap muzi'ka sabag`i'nda tek az waqi't g`ana qi'ymi'l ha`reket islewge aji'rati'ladi'. Sabaqta tek g`ana belgili bir elementler qollani'ladi'. Biraq basqa muzi'kali'q hi'zmet turleri menen birge muzi'kali'q ritmikali'q hareket woqi'wshi'lardi'n` ha`r ta`repleme rawajlani'wi'na ta`sirin jasaydi'. Wolarda muzi'kali'q, do`retiwshilik qa`bilet ja`ma`a`t boli'p hareket yetiw uqi'bi' qa`liplesedi. Muzi'ka menen ha`reket yetiwdin` ta`rbiyali'q a`hmiyeti sonda wol ritm sezimin aktivlestiredi, muzi'ka sabag`i'nda muzi'kali'q shi'g`armani' teren`irek tu`sinip u`yreniwge ja`rdemlesedi. Qi'ymi'l ha`reketleri arqali' woqi'wshi'lar shi'g`armani'n` xarakterin ko`rsetip beredi.

Muzi'kali'q ritmikali'q ha`reketlerdin` tiykari'nda muzi'kali'q shi'g`armalardi' plastikali'q qayta islewge qarati'ladi', yag`ni'y wol balani'n` emotsiyasi'na muzi'kani'n` quri'li'si'na wo`z ta`sirin tiygizedi. Buni'n` ba`ri muzi'kani'n` qi'ymi'l ha`reketke masli'gi'na baylani'sli' quri'ladi'. Iyelegen bilim ha`m ko`nlikpege qosi'li'si'p muzi'ka menen ha`reket, woni'n` xarakteri, keypiyati'n ta`ripleydi.

Muzi'kali'q –ritmikali'q hi'zmet tu`rleri ush bag`darg`a tiykarlanadi': birinshi bag`dar: - muzi'kali'q yesitiw uqi'pli'li'qti' rawajlandi'ri'wg`a qarati'ladi'. Muzi'kali'q bilim ha`m muzi'ka menen ha'reket islewdi qa`liplestiredi ;

yekinshi – duri’s hareket yetiw uqi’pli’li’g`i’, ju`riw, adi’mlap ju`riw, sekirip juriw, qoldi’n` ha`reketi, shappatlawdi’n` ha`r tu`ri ritmge qarap, zatlar menen qi’ymi’l ha`reket islew, woyi’n elementleri;

u`shinshi – denenin` qi’ymi’l hareketleri penen uqi’pli’li’qti’ qa`liplestiriw, tez ha`m ani’q qi’ymi’l ha`reketlerdi islep turi’p denenin` qi’ymi’li’n qadag`alaw: tez ha`m birden toqtap qali’w , ha`reketti wo`zgertiw.h.t.b. Ha`r qi’yli’ muzi’kali’q shi’g`armalar woqi’wshi’larda emotsionalli’q ta`sirshen`likti, qayg`i’ri’w, qanday da bir keypiyatti’n` payda boli’wi’na ta`sirin jasaydi’. Mi’sali’ saltanatli’ atqari’lg`an marsh tempindegi shi’g`arma adamdi’ quwandi’radi’,jigerlendiredi. Bul qaddi qa`wmetti tik uslawg`a , ayaq ha`m qoldi’n` ha`reketin tiklewge ja`rdem beredi. Jumsaq, sozi’li’mli’ xarakterdegi shi’g`arma kerisinshe qa`ddi qa`wmetti bos uslawg`a asi’qpay ha`reket yetiwge u`yretedi. Muzi’ka menen ha`reket islegende woqi’wshi’lar woyi’nda qanday da bir obrazdi’ woylap turadi’. Soni’n` menen birge ha`r bir bala muzi’kali’q woyi’ndi’ obrazlar menen woyi’n elementlerin taza qi’ymi’l ha`reketlerdi qollani’p wo`zgertip woti’radi’. Woyi’nda mi’sali’ xileker tulkinin` ha`m qorqaq qoyanni’n` xarakterin beriw kerek boladi’, Balalar wolarg`a ta`n qi’ymi’l ha`reketlerdi ko`rsetkende personajlardi’n` ko`rinisin wolardi’n` xarakterinde ko`rsetip beriwi kerek. Usi’lay do`retiwshilik qa`bilet payda boladi’.

### Muzi’ka sabag`i’nda qi’ymi’l ha`reketlerdi paydalani’w usi’llari’

Woqi’wshi’lardi’n` muzi’kali’q ritmikali’q qa`biletlerin bayi’ti’w ushi’n, balalardi’ usi’ hi’zmet turine tayarlaw kerek. Sebebi woqi’wshi’lar yen` birinshi qi’ymi’l-ha`reket haqqi’nda tu`sinikke iye boladi’. Wolar xanada muzi’ka menen juriwge, adi’mlap juriwge muzi’kali’q signallarg`a ha`reket yetiwge u`yrenedi. Mi’sali’: sapqa turi’wg`a trubani’n` dawi’si’n yesittirsek boladi’. Rimskiy-Korsakovti’n` «Saltan xan haqqi’nda yertek» te ritm menen ha`m ush muyeshliktin` dawi’si’ menen klassta ju`giriwge boladi’ , al jugiriwden salmaqli’ adi’mlap juriwge barabanni’n` za`ribi jol ko`rsetedi.

Woqi’wshi’lar di’qqat itibari’n ja`mleytug`i’n shi’ni’g`i’wlardan keyin sabaqqa biliw u`yreniw uqi’pli’li’g`i’na qarati’lg`an tapsi’rma qoyi’ladi’. Bul jerde muzi’kali’q obrazdi’n` xarakteri belgilenedi. Mi’sali’ ha`r qi’yli’ marsh tempindegi shi’g`armalar arqali’ woqi’wshi’lar ha`r tu`rli ha`reketler jasaydi’. Sport tempindegi xarakterge jigerli, woyi’naqi, xarakterge –jen`il, ayaqti’n` ushi’nda a`skeri xarakterdegi muzi’kag`a ulken adi’m menen ju`redi.

Klassqa kiriwde ha`m qi’ymi’l ha`reketleri ushi’n woqi’ti’wshi’ tek qana marsh shi’g`armasi’n paydalanbay-aq basqa da shi’g`armalardan paydalansa boladi’. Yeger wolardi’n` qatari’nda tu`rli keypiyattag`i’ p`esa bolsa wonda qi’ymi’l ha`reketler shi’g`armani’n` keypiyati’na ha’m wo`zgesheligine qarap tan`lanadi’.

Yen` a`piwayi’ bir qi’ymi’l-ha`rekettin` elementine ayaq qol menen shappatlaw ha`m ayaq penen taqi’llati’w kiredi. Usi’ elementler arqali’ woqi’wshi’lar mi’sali’ notalardi’n` sozi’mli’g`i’, ritm, melodiya menen tani’s boladi’. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ wo`zinin` janli’ atqari’wi’nda F.Shuberttin` - «Ekoseza» shi’g`armasi’ al Chaykovskiydin` «Kamarinskaya» shi’g`armasi’nda woqi’wshi’lar sozi’mli’qti’n` birinshi shi’g`armag`a qarag`anda yekinshi shi’g`armada qi’sqa yekeni al segizlik notalardi’n` ju`giriwge qolayli’ yekenligi , al shereklik notani’n` adi’mlap ju`riwge qolayli’li’g`i’n ko`riwge boladi’. Yeki shi’g`armani’n` xarakterin sali’sti’ri’p ko`rip ritmikali’q suwretlerin tag`i’ bir ma`rte baylani’si’n ko`rip wo`tedi. Wo`z na`wbetinde woqi’wshi’lar ayaq woyi’ndag`i’ janrdi’ seziniwge u`yrenedi.

### Klassikali’q ayaq-woyi’nni’n' qol qoyi’w usi’llari’

Tayarli’q pozitsiyasi’ (jaylasi’w) - bir qol stanokda yekinshi’i qol domalang'an ta'rizde to'mende jaylasadi’, bas qaptalg'a qarati’ladi’.

Birinshi pozitsiya - sa'l domalang'an ta'rizde buzbay sa'l joqari’g'a ko'teriledi, yag'niy kindik tuwri’si’nda jaylasadi’.

Yekinshi pozitsiya - barmaqlar sa'l ashi’ladi’, dem ali’p ati’rg'anday sezemiz, qaptalg'a qoyi’ladi’, yag'ni’y bir topti’ iyinnen domalati’p jibersek tuwri’ qoldi’n' ushi’nan jerge tu'sip ketetug'I’nday boli’w kerek, bas qaptalda.

U'shinishi pozitsiya - barmaqlar sa'l ashi’ladi’, tayarli’q pozitsiyasi’na

tu'sip, birinshi pozitsiya arqali’ joqari’g'a basti’n' joqarsi’na ali’p qaraydi’, tekserip ko'rgen waqi’tta basi’mi’zdi’ ko'termesten ko'zimizdi joqari’g'a qaratsaq, yen' kishkene barmag'I’mi’z ko'rinip turi’w kerek. Demek, qol arqag'a ketip qalmawi’ kerek, iyinler, a'lbette, tu'sip turi’wi’ kerek.

To'rtinshi pozitsiya - barmaqlar ashi’li’p yekinshi pozitsiyadan tayarli’q pozitsiyasi’na tu'sip, aldi’g'a sozi’ladi’, bo’ksemiz tuwri’g'a qaraydi’, iyinimiz qaptalg'a qarati’ladi’.

**Xali’q ayaq-woyi’ni’ndag'i’ ayaq qoyi’wdi’n' bes usi’li’**

Birinshi’ usi’l - wo'ksheler birge, ayaqlardi’n' ashi’p 45° qa qarati’ladi’, xali’q ayaq-woyni’nda uli’wma dizeler yerkin turi’wda, qatti’ tartili’wi’da ha'm de bu'gili’wi’ de mu'mkin.

Yekinshi usi’l - ayaqlar ashi’q (ashi’lg’an) ta'rizde 45° qa qarati’lg'an aralari’nda bir ayaq razmeri si’yatug'I’nday, dizeleri bu'gilgen, tarti’lg'an yamasa yari’m tarti’lg'an ta'rizde boli’wi’ mu'mkin.

U'shi’nshi’ usi’l – tabanni’n' wortasi’na yekinshi’ ayaqti’n' tabani’ ko'terilgen ta'rizde, dize bu'giledi.

To'rtinshi usi’l - a) bir ayaq sa'l bugilgen 45°, yekinshi ayaq wo'kshi’ge qoyi’lg'an, yekinshi ayaqti’n' dizesi tarti’lg'an, yekinshi ayaq aldi’nda arali’g'i bir ayaq aldi’nda arali’g'i bir ayaq razmerine ten',

b) yen' birinshi jaylasi’w boli’p, ayaqlar aldi’n'g'I’’ jaylasi’wdag'i’ ahwalda boli’p, biraq arasi’ndag'i’ arali’q yeki yesege ken' boli’p, bir ayaq arqada, yekinshisi birden, da'rriw dize tartilg'an ta'rizde artqa ali’p bari’lg'an ha'm polg'a ayaqti’n' ushi’ menen su'ykelip turadi’.

Besinshi usi’l - dizeler jay ta'rizde tarti’lg'an ha'm bu'gilgen boli’p jaylasi’wi’ mu'mkin. Wo'kshege yekinshi ayaqti’n' ushi’ 45° qa tiyip turadi’.

**Bas qoyi’w usi’li’ (polojenie golovi)**

Birinshi usi’l - bas tuwi’ qaraydi’

Yekinshi usi’l - bas to'menge qaraydi’

U'shinshi usi’l - bas artqa taslanadi’

To'rtinshi usi’l - bas qaptalda

Besinshi usi’l - bas qaptalg'a  ha'm artqa taslanadi’

**Xali’q ayaq-woyi’ni’nda qoldi’ qoyi’w jag'daylari’**

Birinshi jag'day  yeki qol aldi’nda, barmaq buwi’nlari’ ko'terilgen, «bir» ge  sanaymi’z.

Yekinshi jag'day yeki qol qaptalg'a, barmaq buwi’nlari’ sol ta'rizde «yeki» ge sanaymi’z.

Al «u'sh» ke barmaq buwi’nlari’ to'men tu'sedi.

U'shinshi jag'day «to'rt» ke yeki qol joqari’g'a yag'ni’y klassikali’q ayaq-woyi’ndag'i’ u'shinshi pozitsiyag'a baradi’.

To'rtinshi jag'day «bes» ke dene wo'zgeredi, qollar wo'zgermeydi.

Besinshi jag'day «alti’» g'a yeki qol artqa baradi’, to'menge qarati’lg'an.

Alti’nshi’ jag'day «jeti» ge bir qol u'shinshi pozitsiyag'a. Yekinshi qol shi’g’anaq bu'gilgen ta'rizde ko'kirek aldi’nda turadi’. «Segiz» ge qollar wo'zgeredi.

**«Jupliq  woyi’n» (Balni’y  tanets)**

«Balni’y tanets» negizi jup-juptan woynalatug'i’n ayaq-woyi’n. Balni’y tanetstin' da'slepki, a'piwayi bo'legi bul vals (tolqi’nli’) boli’p yesaplanadi’. Vals jup-jup boli’p atqari’lip  basli’ wazi’ypasi’  ha'm muzi’kali’q o’lshemi 3/4 ibarat. Demek, qa'ddimizdi tik uslaymi’z, bas qaptalda, partner menen betpe-bet

turiw kerek « i bir» degende won' ayaqti’ aldi’g'a pertnerdi’n' shep ayag'I’ artqa ha'm birden yari’m buri’lg'an halda «eki, u'sh» dep shep keyin won' ayaqti’ qoyami’z, partner menen wori’n almasi’ladi’, «bir» degende shep ayaq artqa, al partnerdi’n' won' ayag'i’ aldi’g'a «eki, u'sh» degende won' keyin shep ayaqlar yari’m aylang'an ta'rizde qoyi’ladi’, partner menen wori’n almasi’ladi’. Ha'reketlerdi basi’nan baslaymi’z ha'm sol ta'rizde zaldi’ aylani’p shi’g'ami’z.

Muzi’kali’ kontrastli’q temada shi’ni’g'iwlardi’n' baylani’si’ ritmikali’q ha'reketlerdi tan'lawda woqi’wshi’lardi’n' qa'biletlerine, u'lgeriwlerine, wolardi’n' jasi’na qarap qolayli’ muzi’kalar menen ko'rsetiledi. Ritmikali’q ha'reketler muzi’kani’n' mazmuni’na qarap qoyi’ladi’, yag'ni’y muzi’kali’ shi’g'armani’ bayi’ti’p turadi’. Muzi’ka xa'r qi’yli’ xarakterge iye boli’p, wolar to'mendegishe bo'linedi:

Tolqi’nli’ (vals), a'ste, ju'da' a'ste, tez, ju'da' tez, quwnaq, wortasha boladi’. Ha'r qi’yli’ janrdag'I’ muzi’kalar ha'm wolardi’ dene ta'rbiyasi’ sabag'i’nda qollana biliw u'lken a’hmiyetke iye.

Muzi’kali’ kontrastli’q temada shi’ni’g'I’wlardi’n' baylani’si’ to'mendegishe: Birinshisi: muzi’ka haqqi’nda tu'sinikke iye boli’wi’mi’z ha'm woni’n' a’hmiyetin seze biliwimiz kerek. Shi’ni’g'i’wlardi’ islegende namani’n' melodiyani’n’) tutqan worni’ salmaqli’ boli’p keledi. Nama (melodiya) - degenimiz bizin' milliy duwtarda, gidjakta, rubabta yamasa fortepianoda tek won' qol menen shertken shi’g'armag'a aytamiz’. Muzi’ka dep - sol a'sbaplarg'a akkord berip, u'lken shi’g'arma, orkestrlik shi’g'arma do'retkende muzi’kani’ payda yetedi. Jay til menen aytqanda nama fortepianoni’n’ won' qoli’ menen, al, muzi’ka shep qol menen birgelikte woynalg'an shi’g'armag'a aytami’z. Tolqi’n ta'rizli. to'mengi ha'm joqari’ qaray ha'reketlerin toli’q jetkerip beriw kerek.

Yekinshisi: shi’ni’g'i’wlardi’n' registr menen baylani’si’. Registr - bul muzi’ka a'sbapi’nda yamasa saxnada woynalatug'i’n woyi’nlardi’n' bo'limlerine bo'liniwi. Ha'r qi’yli’ registrlerde muzi’kali’q shi’ni’g'i’w islew menen birge yesitiliwi a'hmiyetli wori’ndi’ aladi’.

U'lken registr, worta registr, kishi registr bolip u'shke bo'lindi. Joqargi’ registr - yen' a’hmiyetlisi, akkordqa baylani’sli’ boli’p, polka ju'risi, ayaq ushi’nda ju'giriw, jen'il ju'giriw. Bugan mi’sali’, tatarsha ayaq woyi’ndi’ keltirsek boladi’.

Wortasha registr - russhi’a ayaq woyi’n ju'rgiziwi .

Kishi registr - (xodba vipadani) andijansha polkani’n' «bir» ge yeki ayaqti’ qosi’p sekirip, «eki» ge bir ayaqti’ qaptalg'a (artqa) taslaw.

U'shinshisi: muzi’kadag'I’ shi’ni’g'i’wlardi’ islewge ritmnin' sozi’mli’qtan, notalardi’n' sozi’li’wi’ ha'm grafikali’q tu'sinik, nuqatti’n' nota jani’ndag'I’ sozi’mli’li’g'I’ - pawza haqqi’nda tu'sinik. Soni’n' menen ritmnin' muzi’kadag'i’ a'hmiyeti wog'ada u'lken. Muzi’kadag'i’ ritmge itibar beriw kerek  ha'm shi’ni’g'i’wlardi’ islewde paydalana biliw kerek.

To'rtinshisi: dinamikali’q wo'zgerislerdin' shi’ni’g'I’wlardi’ islewdegi baylani’si’. Dinamika degenmiz grektin' «Dinamus» degen so'zinen ali’ni’p «ku'sh» degen ma'nini an'latadi’. Dinamikali’q wo'zgeristi muzi’kada paydalana biliwdin’ a'hmiyeti wog'ada u'lken. Muzi’ka shi’g'armalari’nda woni’ ani’q tu'sinip bar’w ha'm dinamikali’q wo'zgerislerdi muzi’kada qollana biliw usi’llari’n an'lap bari’w kerek. Mi’sali’, forte - ku'shli, joqari’, piano - a'ste, to'men.

Besinshisi: muzi’kali’q shi’g'armalardag'i muzi’kali’ wo'lshemlerdin' qatnasi’. Muzi’kadag'i’ wo'lshem - metr h'aqqi’nda biliw a'hmiyetli. Muzi’kada wo'lshemler ha'r qi’yli’ boli’p wolar to'mendegishe bo'linedi:

2/4, 3/4, 4/4, 6/8, 7/8  ha'm t.b.

Takt  haqqi’nda tu'siniw, zatakt (toli’q yemes takt).

Taktlar a'piwayi’ ha'm quramali’ ta'rizde boli’p keledi. Sonday-aq, wo'lshemlerdin' de a'piwayi’ ha'm quramali’ boli’p keliwi ani’qlang'an.

Alti’nshi’si’: muzi’kani’n' ha'reketleniwinde temp penen baylani’si’. Muzi’ka shi’g'armalari’n atqari’w yamasa woynawda tempti’n' qollani’li’wi’

salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Muzi’kali’q shi’g'armalardi’n' ha'r qi’yli’ ha'reketlerine temp dep ataymi’z. Muzi’kali’q shi’g'armalardi’n' tiykarg'i’ tempi woni’n' baslang'ish nota qatari’ni’n' u'stine jazi’ladi’. Ha'r tu'rli mazmundag'i’ ha'm xarakterdegi muzi’ka wo'zine I’layiqli’ tezlikke iye boli’p, to'mendegishe templerge bo'linedi:

1.Jay templer: largo, adajio («Ayqulash» ti’n' jay bo'limi).

Wortasha templer: andante, andantino, moderato, allegretto («ilme Sultan» namasi’).

Tez templer: vivo, allegro, vivache, presto («Ayqulashi’» ti’n' tez bo'limi).

Jay temp ku'shli shi’ni’g'I’wlar yeti’w ushi’n qollani’ladi’, yamasa jan'asha ha'reket yetiw ushi’n qollani’ladi’, yamasa jan'asha ha'reket u'yretiwde qollani’ladi’. Tez temp ha'r tu'rli ju'giriw, kewilli ayaq woyi’n shi’g'armalarda yamasa sekiriwde qollani’ladi’.

Jetinshisi: muzi’kani’ tan'lawda ha'm shi’ni’g'I’wlardi’ islewde legato ha'm stokkattoni’n' worni’ a'hmiyetli. Legato - qon'si’las, bir-birine baylamshi’. **Stakkato** u'zip-u'zip, sekirip woynaw. Muzi’kali’q shi’g'armalardi’n' si’pati’na, xarakterine qarap legato, stakkatoni’ ko'rsetip beriw kerek. Tolqi’nli’, baylani’si’p turi’r shertiletug'i’n muzi’kali’ shi’g'armalardi’n' bir-biri menen baylani’si’ boladi’.

Segizinshi: muzi’kali’ shi’g'armalardag'i’ qollanatug'i’n quri’li’s (struktura). Muzi’kani’n' quri’li’si’nda bo'limlerge bo'liniwi to'mendegishe: bo'limler, fraza, mazmuni’. Fraza degenimiz - bul bo'lip-bo'lip ko'rsetiw, yag'ni’y ga'plerge bo'liw. Muzi’kali’q shi’g'armalarda ha'm shi’ni’g'i’wlardi’ toparlar menen islewde wolardi’ toqtati’w, ju'rgiziw, wolardi’n' wo'lshemlerine qaray jumi’slar ali’p balad

## 2.4.Mektep woqi’wshi’lari’n ta`rbiyalawda muzi’kali’ ha`reketli woyi’nlardi’ u`yretiw usi’llari’

Mektepke shekem balalarg`a ritmika ha`m qosi’qti’ u`yretiw metodlari’ birgelesip wo`tiledi .

Birinshiden, bir-birine uqsas metodlar : ko`rgizbeli yesitiw ( muzi’kali’ ko`rkemlep yesitiw) ko`rgizbeli ko`rinisti ko`riw, ha`reketlerdi, shi’ni’g`i’wlardi’ wori’nlaw metodlari’ .

Yekinshiden - ha`r bir jasi’na ha`m qabi’l yetiwine qaray qosi’q ha`m ritmikada shi’g`armalardi’n` quramali’li’g`i’ yesapqa ali’ni’p, izbe-izlilik tu`rde u`yretiledi .

Muzi’kali’q shi’g`armalar toli’g`i’ menen pu`tin qabi’l yetiwdi talap yetedi. Xarakteri boyi’nsha wolar ani’q , biraq ko`lemi boyi’nsha -wonsha u`lken yemes, belgili teksti iyeleydi, ritmikani’ u`yrengende belgili bi ha`reket penen, geyde so`zleri menen baylani’sli’ u`yretiledi .

Sonli’qtan muzi’kali’q woyi’nlardi’ toli’g`i’ menen wo`zlestiriwde muzi’ka menen ha`rekette birlestiip u`yretiledi .

Woyi’nlar ko`pshilik qatnasi’wshi’lari’ menen ha`m toli’g`i’ menen muzi’kali’q su`yemelewi qi’yi’n boli’p woni’ ko`rsetiw an`sat yemes. Bunday jag`dayda mug`allim woyi’ndi’ tek so`z benen tu`sindirip qoymastan qi’sqa ha`m woni’n` obrazli’ formalari’n ko`rsetip u`yretedi. Woyi’nlar menen da`slepki tani’si’wlar ko`p usi’llardi’ keltirip shi’g`aradi’ . Da`slep barli’q muzi’ka toli’g`i’ menen atqari’ladi’, son`i’nan woyi’nni’n` mazmuni’ qi’sqasha ayti’ladi’ ha`m son`i’nda muzi’kali’q shi’g`arma qaytalani’p qayta yesittiriledi .

Bunday usi’l wonsha u`lken yemes a`piwayi’ syujetli yemes yamasa muzi’kali’ qosi’q woyi’nlari’nda qollani’ladi’ .

Haraketli woyi’n ha`reketlerin qollani’p ko`rsetiw mu`mkin : ta`rbiyashi’ qozg`aladi’, sol waqi’tta birgelikte , muzi’ka basshi’si’ muzi’kali’q shi’g`armani’ atqaradi’.

Yeger basshi’ wo`zi ko`rinisti ko`rsetse da`llp wol, muzi’kani’ atqaradi’ son` ha`reketti bir waqi’tti’n` wo`zinde melodiyasi’ menen qosi’p aytadi’ .

Wolardi’ su`wretlep u`yretiwde woyi’nni’n` tiykarg`i’ elementlerin ko`rsetiw, muzi’kali’ shi’g`armalardi’ atqari’wda ha`r qi’yli’ usi’llardan paydalandi’ .

Bunday ha`r qi’yli’ usi’llardi’ u`ylestiriwde , muzi’kali’q shi’g`arma toli’g`i’ menen atqari’li’p, woyi’nni’n` tiykarg`i’ elementlerin ko`rsetip ha`m wolardi’ woqi’ti’wda ju`da` ta`sirshen`ligi biraz sa`wlelenedi.

Yeger bala shi’g`armalardi’n` belgili bir bo`legin wo`zlestirip, woni’ miyinde saqlay bilse, muzi’kali’q obrazlardi’n` xarakterin rawajlandi’ri’w toli’gi’ menen ayri’qsha pikirdi wo`zlestiredi .

Sonli’qtan balalardi’ woqi’ta woti’ri’p, balalarda muzi’ka tili, bayli’g`i’, seziw ha`m woni’ ha`reketke beriw metodlari’n tan`laydi’. Solay yetip, tayarli’qti’n` izbe-izliligi ha`m balalarg`a woyi’ndi’ jaqsi’ wo`zlestiriwde ha`r qi’yli’ usi’llardi’ qollanadi’ .

Muzi’kali’q qabi’l yetiwler ha`m ko`rgizbeli ha`reketler bag`darlamani’n` jetiskenligi menen iske asi’ri’ladi’ . Woyi’n ayaq-woyi’n qol uslasi’p, qosi’q ayti’p woynaw (xorovod) metodlari’n u`yreniw (anologiyali’q) quri’li’sqa iye Ayaq woyi’ndi’ woynaw haqqi’nda woni’ ko`rkemlep tu`sindiriw, balalarda ayaq woyi’ng`a ritmikag`i’ bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’qti’ keltirip shi’g`aradi’. Shi’ni’g`i’wlardi’n` awi’r ha`reketli elementlerin izbe-izlik penen u`yretiledi. A`sirese duri’s, sawatli’ ko`rkem yetip mug`allimni’n` ko`rsetiwi balani’n` sanali’ yetip u`yrenip, woni’ qayta ko`rsetiwine u`lken ta`sir yetedi. Jaqsi’ juwmaqlar , metodikali’q qollanbalardi’ keltirip shi’g`aradi’, bunda barli’q topar qatnasi’wshi’lari’ni’n` belsene qatnasi’wi’ni’n` na`tiyjesi boli’p yesaplanadi’.

Bug`an mi’nalardi’ kirgiziwge boladi’ :

1.Jeke tekseriw ko`nlikpelerdi wo`zlestiriw bari’si’ epizodli’ tekseriw joli’ menen rawajlani’wi’, sonday-aq balani’n` minezin bahalaw joli’ menen woni’n` jetiskenligin biliwge boladi’ .

2.Ha`r bir balag`a di’qqat qoyi’p qaray woti’ri’p sabaq bari’si’nda ha`r qi’yli’ metodlardan paydalani’wg`a boladi’ .

3.Jeke tayarli’q ushi’n qi’sqa waqi’tqa 2-3 minut qosi’w kerek. Bunday metodikali’q usi’llar mektepke shekemgi balalardi’n` wo`z yerkinshe ha`m do`retiwshilik payda yetip rawaani’wi’na ta`sirin tiygizedi. Balalardi’n` u`yreniwi ushi’n bul jag`daylar ju`da` kerek. Balalardi’ muzi’kali’q shi’g`armalar menen birinshi tani’sti’rg`anda, mug`allim muzi’kag`a kerekli si’patlama berip, bundag`i’ ha`reket bari’si’n tu`sindirip bari’wi’ kerek .

Muzi’kali’ ritmikali’q ha`reketler insanda muzi’kani’ ti’n`lap, wog`an ta`n ha`reketlerdi islew menen sheklenip qalmastan, deneni shi’ni’qti’ri’w arqali’-yeste saqlap qali’w, di’qqat, sezim-qa`biletin wo`siriwdi, ta`sirleniw du`n`yasi’n bayi’tadi’.

Muzi’ka sabaqlari’ wo`z kelbeti ha`m mazmuni’ jag`i’nan a`debiyat, su`wret, dene ta`rbiyasi’, tariyx, fizika pa`nleri menen ti’g`i’z baylani’sta ali’p bari’ladi’ ha`m sabaqlar boyi’nsha ali’natug`i’n bilim ko`nlikpelerinin` ja`nede tu`sinerlirek boli’wi’na xi’zmet etedi. Soni’n` tiykari’nda quramali’ sabaq mazmuni’ ju`zege keledi, yag`ni’y pedagogikali’q texnologiyag`a tiykar sali’nadi’. Texnologiya so`zinin` wo`zi-quri’w, du`ziw-degen ma`nini beredi. Al zamanago`y sabaqlardi’ milliy bag`darda quri’w yamasa du`zip shi’g`i’w,-bul woqi’ti’wshi’dan bay ta`jiriybeni, bilimdi talap yetedi degen so`z.

Jaslar ta`rbiyasi’nda muzi’kani’n` worni’ salmaqli’ yekenligi sonnan ibarat, muzi’ka wo`z aldi’na wo`zge bir du`n`ya. Wol si’yqi’rli’ nama ha`m i’rg`aqlar, a`jayi’p tuyg`i’ni’n` ha`m kewil sezimlerinin` du`n`yasi’. Muzi’kani’n` bul ku`shinen sawatli’ tu`rde wo`nimli paydalani’w ha`r bir ta`rbiyashi’-woqi’ti’wshi’ni’n` wazi’ypasi’.

Qaraqalpaq xalqi’ a`zelden kewil-tuyg`i’lari’n, tilek a`rmanlari’n ha`reketler menen nama i’rg`aqlari’na qosi’p bayanlag`an.

Diyxanni’n` ba`ha`rde jer su`rip, tuqi’m sepkeni, sharwani’n` tayaq uslap qoy baqqani’, at shabi’sta shabandozdi’n` ha`reketleri, bali’qshi’lardi’n` ten`izdegi qayi’qta yeskek yesip, bali’q awlaw waqti’ndag`i’ aw tarti’wi’ ha`m tag`i’ basqa waqti’ndag`i’ ha`m tag`i’ basqa miynet ha`reketleri quwani’shta, bayramlarda namag`a sali’p kewil-tuyg`i’lari’n bildirgen, bayanlap bergen. Hayal-qi’zlar keste toqi’wi’nda nag`i’slardi’ iyiliwshen` na`zik ha`reketler menen namag`a sali’p ko`rsetiw sheberliklerine iye bolg`an.

Xalqi’mi’zda ma`deniyatti’n` rawajlani’wi’ menen xareografiya ju`zege kelip, woni’n` tiykari’n xali’q woyi’nlari’ quraydi’.

Xoreografiya so`zi ken` ma`nili boli’p, wol greksheden «raqs, woyi’ndi’ jazaman»-degen ma`nini bildiredi. Wol u`sh bo`limnen ibarat.

1. Xali’q woyi’nlari’

2. Professional ayaq woyi’n (balet)

3. Zamanago`y woyi’n (estrada)

Muzi’ka sabag’inda 1-bo`limi yag`ni’y xali’q woyi’nlari’ni’n` ayri’m elementlerinen paydalanami’z. Sebebi muzi’ka sabag’inda ritmikani’n’ tiykarg`i’ maqseti qa`niyge woyi’nshi’ tayarlaw yemes, al joqari’dag`i’ tu`siniklerden kelip shi’g`i’p, muzi’kali’ ritmikali’q ha’reketler arqali’ ha`reketlerdi u`yreniw denenin` tuwri’ ha`reketleniwine, bulshi’q yetlerdin` bekkem qa`liplesiwine, dem ali’w organlari’ni’n` salamatli’g`i’, is-ha`rekette ani’qli’q, ku`shlilik ha`m shi’damli’li’q ko`nlikpelerinin` hasi’l boli’wi’na tiykar sali’nadi’. Soni’n` menen birge muzi’kani’n`, mazmuni’na say ha`reketlerdi woylap tabi’wi’n, izleniwshiligin rawajlandi’ri’w tiykarg`i’ maqsetimiz boli’p yesaplanadi’.

Demek ritmika so`zine a`piwayi’ ani’qlama beretug`i’n bolsaq Ritm-i’rg`aq, Mimika-ha`reket, qi’ymi’llar degen, yag`ni’y Nama i’rg`aqlari’na say ha`reketler

islew degen ma`ni kelip shi’g`adi’. Muzi’kali’ ha`reket islew-bul ko`p izleniwshilikti, woylap-tabi’wshi’li’qti’ talap etedi.

Woni’n` ushi’n muzi’kani’n` (namani’n`) mazmuni’n ani’q tu`siniw ha`m wog`an jan-ta`ni menen beriliw kerek boladi’.

«Metr»-ritmdi biriktiriwshi sistema yesabi’nda, ritm ha`reketin normali’ wo`lshewge mu`mkinshilik tuwdi’radi’.

Ritmikali’q ha`reketlerdi qa`liplestiriwde wazi’ypalar

Balalardi’n` muzi’kag`a bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’w, kewilli ha`reketli woyi’nlardi’ wo`zlerinde qa`liplestiriwi ushi’n ta`rbiyashi’-ustaz to`mendegi jumi’slardi’ izbe-iz a`melge asi’radi’.

Balalardi’n` i’qti’yarli’ ha`m i’qti’yarsi’z tu`rdegi sezimi, di’qqati’na itibar beriw.

Muzi’ka (nama) yesitilip turg`an waqi’tta shawqi’m, so`z, qozg`ali’s is ha`reket qi’lmastan «Muzi’kag`a kesent bermewi»-kerek.

Balalar sabaqqa yerkin, jen`il, jarasi’qli’ kiyimlerde keliwi kerek. Yeger usi’ atap wo`tilgen wazi’ypalarg`a itibar berilmese, balalar ta`repinen sabaqqa itibari’ pa`seyip ha`r qi’yli’ shawqi’m, ta`rtipsizlikke ali’p keledi ha`m bul shug`i’llani’wlar wo`zinin` ma`nisin jog`altadi’.

Ha`r ku`ngi shug`i’llani’wdan aldi’n muzi’kali’q-qozg`ali’s ha`reketlerdi qa`liplestirip~ di’qqat penen namani’ ti’n`lap ritmine, i’rg`ag`i’na itibar berip, ani’q ti’n`lawi’, namani’n` baslani’wi’, shi’n`i’, ha`wijine ha`m tamamlani’wi’na di’qqat qoyi’p son`i’nan ha`reketlerdi yerkin tu`rde islep baslaydi’ Shi’ni’g`i’wlar yeki bo`limnen ibarat.

1-Denenin` toli’q halati’, bas, qol ha`m ayaqlar ha`reketi.

2. Woti’ri’p-turi’w, sekiriw ha`m aylani’w ha`reketleri.

Bul ha`reketler belgili bir muzi’kali’ woyi’ndi’ tan`lap alg`annan keyin woyi’ndi’ u`yreniw waqti’nda mazmunli’ tu`rde biriktiriledi. Mi’sali’ Qaraqalpaq xali’q

woyi’nlari’nan biri «Shag`ala» woyi’ni’. Bul woyi’ndi’ u`yreniwde woqi’wshi’lar (woyi’nshi’) maydanshada (bul jerde maydanshani’ saxna-dep tu`sindiriledi) jaylasi’w wori’nlari’ belgilenedi ha`m yeslep qali’wi’ ushi’n sha`rtli sanlar menen waqi’tsha jazi’p qoyi’ladi’.

Mi’sali’ to`mendegishe boli’wi’ mu`mkin.




Bunda № 1-sanli’ wori’n maydanshani’n` (saxnani’n`) aldi’n`g`i’ ta`repindegi wortasi’.

№ 2-sanli’ woyi’nshi’lar ta`repinen qarag`anda won` qaptal mu`yeshi.

№ 3 -sanli’ won` ta`rep wortasi’. Al maydansha wortasi’ndag`i’ 0 sani’ saxna worayi’ dep tu`sindiriledi. Yendi qaysi’ ta`repke ha`reketlenip ju`riw kerek bolsa kerekli san ko`rsetilip, bag`dar beriledi.

Sha`rtli belgiler

1.O-aylanba ha`reket belgisi

2. → ha`reket bag`dari’

3. woyi’nshi’ni’n`  <  bet aldi’ arqa ta`repi

4.saxnada jaylasi’wi’.




«Shag`ala» woyi’ni’

Shag`ala  woyi’ni’ Qaraqalpaq milliy xali’q woyi’nlari’ni’n` biri. 1957-ji’li’ O`zbekstan ha`m qaraqalpaqstan xali’q artistkasi’ Lizaxanum Petrosova ta`repinen yen` da`slep «Ayqalash» qosi’q ha`m ayaq woyi’n ansamblinde jigitlerge arnap saxnalasti’ri’lg`an «Bali’qshi’lar» degen woyi’nni’n` bir bo`legi.

Woyi’nni’n` kelip shi’g`i’wi’ Moynaq, Shi’mbay rayonlari’ xalqi’ni’n` ko`rsetpeleri boyi’nsha bali’q awlaw waqti’nda ten`izdegi ha`diyselerdi su`wretlew arqali’ ju`zege kelgen.

1. Aw toqi’w ha`reketi



Bunda bali’qshi’lar woti’rg`an halati’nda «Bali’qshi’lar» qosi’g`i’ni’n` namasi’na jay i’rg`aq penen aw toqi’p woti’rg`an ha`reketlerdi isleydi.

Qosi’qti’ ayti’p, aw toqi’p bolg`annan keyin yoshli’ «Shag`ala» namasi’na woyi’ng`a tu`sedi. (Bunda bali’qti’ ko`p uslawdi’ a`rman yetken bali’qshi’lar ten`izde shag`alani’n` tumsi’g`i’ menen bali’q uslawi’na ha`wes yetip, shag`alani’n` ha`reketlerin su`wretlep woynaydi’).









2-Si’rg`anba adi’mlar.





5-«Aqsaq shag`ala»

6-«Awdan`lap adi’mlaw»

7-«Pa`rwaz» (shag`alani’n` ushi’wi’)

4-«Shappat qag`i’p sekiriw»



8-«Shabaqti’ awzi’ menen uslaw»

Namani’n` tamamalani’wi’na jaqi’n woyi’nshi’lardi’n` biri awzi’ menen bali’q uslap tamamlaydi’



**«Ha`kke qayda?» woyi'n qosi'g`i'n uyretiw usi'li'**

«Ha`kke qayda?» woyi'ni' balalar arasi'nda ju`da` ken` tarqalgan woyi'n-zawi'q qosi'g`i'. Bul soraw-juwap qosi'g`i' arqali' balalar keste tigiwden baslap, sanlardan elementar tu`sinik beriwge, jarti' nannan bir nanni'n` ko`birek yekenligin uqti'ri'p wo`tedi. Waqi'yani'n` bari'si'nda bala qusti' da, kesteni de, san birligin de, paydani' da ug`i'p, tek woynaw emes, al woyi'n arqali' da turmi's mektebinen wo`tedi.

«Ha`kke qayda?» woyi'ni'-zawi'q qosi'g`i'n yeki usi'lda wo`tkeriwge boladi'.

1-usi'l «Ha`kke qayda» qosi'g`i' bir neshe balalar ta`repinen woynap ju`rip atqari'ladi'. Woyi'ng`a qosi'lg`an balalardi'n` birinin` ko`zin tan`adi'. Ha`mme bala wog`an «Ha`kke qayda» dep baslap soraw beriwdi baslaydi'.

Ko`zi tan`i'wli' bala «Uyasi'nda» dep juwap beredi. Usi' taqi'lette woyi'ng`a qosi'lg`an balalar qoli'nan kelgeninshe sorawlarg`a umi'tpay albi'ramay, si'zi'lg`an si'zi'q boyi'nsha tuwri' ju`rip juwap beriwi kerek. Wol usi' si'zi'lg`an si'zi'q boyi'nsha tuwri' ju`rip, ko`rsetilgen da`rwazadan wo`tiwi tiyis. Yeger sa`l qi'ysi'q ju`rip qoysa, yamasa da`rwazani' duri's, ani'q taba almasa uti'lg`an boli'p yesaplanadi'.

Ko`zi tan`i'lg`an bala wo`zinin` qoli'nan kelgeninshe umi'ti'li'wg`a ha`reket yetedi. Buni'n` ushi'n wol balalarg`a «da`rwazani'n` awzi' qayda?», «neshe atlasam wo`temen?» degen sorawlari'n beredi.

Bul woyi'nni'n` maqseti balani' shamalawg`a, bayqag`i'shli'qqa, sezgirlik, uqi'bi'ni'n` wo`siwine u`yretedi.

**II usi'lda woyi'nni'n` wo`tkeriliwi**.

Woyi'nshi'lar yeki toparg`a bo`linedi. Ha`r topar aralari' 7 metr jerde, qol uslasi'p do`n`gelenip turadi'. Woyi'n basqari'wshi'si'ni'n` ko`rsetpesi boyi'nsha birinshi topar yekinshi topar balalari'na qol uslasi'p, bir ayaqta sekirip aylani'p ju`redi. Bul usi'ldag`i' woyi'ndi' wo`tkeriwde kompozitor S.Palwanovti'n` namasi'na jazg`an «Ha`kke qayda»[o`h] qosi'g`i'nan paydalansaq boladi'.

Qosi’qti’n` kirisiw bo`limindegi akkomponement shertilgen waqi’tta balalar qol uslasi’p (notasi’ beriledi) sekiriw ha`reketlerin isleydi. Son`i’nan muzi’kali’ soraw-juwap beriw formasi’na wo`tedi.




Birinshi topar: *Xakke kayda* *-dep soraydi’*

Ekinshi topar: *Uyasi’nda* *-dep juwap beredi*

Birinshi topar: *Ne qi’li’p ati’r* *-dep soraydi’*

Ekinshi topar: *Keste tigip ati’r* *-dep juwap beredi*

Birinshi topar: *Kestesi qanday* *-dep soraydi’*

Ekinshi topar: *alaqanday-dep juwap beredi*

Birinshi topar: *Kimler ushi’n* *-dep soraydi’*

Ekinshi topar: Begler ushi’n-*dep juwap beredi*

Birinshi topar: *Da`rwazasi’ qaydan* *-dep soraydi’*

Ekinshi topar: Wo`te berin` munnan-*dep juwap beredi xtb*

-Wo`teberin` munnan,-degen qatarlarg`a kelgende 1 bala 1 qi’z da`rwaza boli’p, qollari’n joqari’dan uslasi’p turadi’. Al, birinshi topar menen yekinshi topardan

bir bala bir qi’zdan shi’g`i’p, qol uslasi’p, da`rwazadan wo`tedi. «Ha`kke qayda» qosi’g`i’ni’n` a`debiy tekstinde mi’na qatarlarda bar:

-Neshe atlasam wo`temen?

-Yeki atlasan` wo`tesen`

-Bir nan jeysen` be?

-Jarti’ nan jeysen` be?

-Bir nan jeymen.

-Al, basla!!!

Bul qatarlar muzi’kali’ bayanlani’wi’nda qollani’lmaydi’.

«Ha`kke qayda» woyi’n qosi’g`i’ni’n` namasi’na muzi’kali’q jaqtan tallaw jasaytug`i’n bolsaq belgili kompozitor S.Palwanov balalar repertuari’ ushi’n i’qshamli’ nama do`retedi.

Qosi’qti’n` tempi-Allegro tez boli’p, woyi’n-zawi’q qosi’qlari’ni’n` xarakterin sa`wlelendiredi. Giltte bir belgisi bar:-si bemol` , Re minor tonli’g`i’nda frigiy ladi’nda jazi’lg`an. Sebebi, re minordi’n` II basqi’shi’ bolg`an-mi ` sesti qollani’lg`an. Minor ladi’nda II basqi’shi’ bolg`an-mi ` sesti qollani’lg`an. Minor ladi’nda II basqi’shti’n` pa`seyttiriliwine frigiy ladi’ dep ataladi’. Bul xali’q muzi’kasi’na ta`n bolg`an lad. Qosi’q 2/4` wo`lshemde berilgen. Muzi’kali’ kirisiw (10 takt) forte beligisinde atqari’ladi’. Al, soraw beriw qatari’ ***mf*** menen atqari’ladi’. Qosi’q, dawi’s ha`m fortepiano saz a`spabi’ ushi’n sa`ykeslestirilip jazi’lg`an.

Qosi’qti’n` diapozoni’ re$^{1}$-re2` arali’g`i’nda. Bul diapozon 6-7 jastag`i’lar yag`ni’y u`lken topar ha`m mektepke tayarlaw topar balalari’ni’n` dawi’si’na sa`ykes keledi.

Qosi’qti’n` aqi’ri’nda tamamlaw ushi’n taktleri berilgen. Usi’ taktler waqti’nda woyi’n qatnasi’wshi’lari’ da`rwazadan toli’q shi’g`i’p u`lgeriwine mu`mkinshiligi bar.

«Ha`kke qayda» woyi’n qosi’g`i’n muzi’kali’ sabaqlarda qosi’q si’pati’nda u`yretiwge, milliy bayram йerteliklerinde fol`klor janri’n ko`rsetip beriwde paydalansa boladi’. Sonday-aq, bul woyi’n-qosi’q balalardi’ ja`mlesip, awi’zbirishilikli tu`rde ansambl` boli’p atqari’wg`a ta`rbiyalaydi’, ja`ne de ja`ma`a`t boli’p qosi’q ayti’w bari’si’nda wolardi’n` birin-biri ti’n`lap ayti’wg`a, muzi’kali’-yesitiw qa`biletinin` rawajlani’wi’na qosi’qti’ woyi’n ha`reketleri menen ushlasti’ra biliwge u`yretedi. Yen` basli’si’-balalardi’n` xosh kewilli, shoq minezli boli’p wo`siwine de ta`sirin tiygizedi.

Usi’ taqilette kompozitor G`.Amaniyazovti’n` « Aq terek pe, ko`k terek» qosi’q ўoyi’ni’n balalarg`a u`yretip sabaqta qollansaq boladi’. Bul qosi’qti’ ayti’s formasi’nda u`yretip aytti’rsaq boladi’.






**Birinshi ta'rep:**
Aq terekpe, ko'k terek?
Bizden sizge kim kerek?

**Ekinshi ta'rep:**
Tazali'qli', ta'rtipli,
Berin' bizge Arti'qti'.

**Birinshi ta'rep:**
Aq terekpe, ko'k terek?
Bizden sizge kim kerek?

**Ekinshi ta'rep:**
Minezi jati'q, munayi'm,
Kerek bizge Gu'layi'm.

**Birinshi ta'rep:**
Aq terekpe, ko'k terek?
Bizden sizge kim kerek?

**Ekinshi ta'rep:**
Su'yer oqi'w, ilimdi,
Berin' bizge Klimdi.

**Birinshi ta'rep:**
Aq terekpe, ko'k terek?
Bizden sizge kim kerek?

**Ekinshi ta'rep:**
Tez shi'g'arar qa'ten'di,
Berin' bizge Ma'tendi.

**Birinshi ta'rep:**
Aq terekpe, ko'k terek?
Bizden sizge kim kerek?

**Ekinshi ta'rep:**
Kestesi ko'pke unaydi',
Berin' bizge Gu'laydi'.

**«Qara jorg`a» namasi'na woyi'n**




Sabaq mazmuni'. Ani'q ha`m suli'w jorg`a ha`reketin su`wretlew namani'n` baslani'wi' ha`m tamamalani'wi'nda duri's, ani'q bayanlap beriw.

<u>**Ha`reketler ko`rinisi**</u>. Woqi'wshi'lar yeki toparg`a bo`linedi, yag`ni'y shabandoz yer balalar ha`m qi'zlar topari'. Wolar zaldi'n` yeki ta`repinde qarama-qarsi' jaylasqan. «Qara jorg`a» namasi' baslang`annan keyin 7-21 taktleri arasi'nda shabandoz qi'zlar topari' wortag`a shi'g`adi', al yer balalar bir wori'nda won` ayag`i'n ritmge say polg`a uri'p, won` qolda qamshi'si'n joqari'da aylandi'ri'p turadi'. Muzi'kali'q shi'g`armani'n` 21-40 taktler arasi'nda yer balalar qos ayaqlap jorg`a ha`reketi menen ju`rip wortag`a keledi, al

shabandoz qi’zlar shette yari’m shen`ber hali’nda won` ayag`i’n ritmge say polg`a uri’p, won` qolda qamshi’si’n to`besinde aylandi’ri’p turadi’. Namani’n` 41 taktten baslap nama aqi’ri’na shekem yer balalar ha`m qi’zlar qatarlasi’p birgelikte ha`reketlenedi. Shabandozlar jari’si’n su`wretlewshi bul woyi’nda balalar ha`m qi’zlar qatarlasi’p zaldi’ aylani’p shabadi’. A’lbette bul jerde ritmge say ha`reketler menen namani’n` tamam boli’wi’na jaqi’n toparlar ishinen ani’q ha`m suli’w ha`reket islegenleri wozi’p shi’g`i’p jen`impaz shabandozdi’n` xarakterin beretug`i’n boli’wi’ tiyis.

Wozi’p kelgenlerdi (marapatlaw) xoshametlew si’pati’nda aylana shen`ber jasap ha`mmesi ritm i’rg`ag`i’nda shapalaq qag`i’p turadi’, al wortada jen`impaz qamshi’ni’n` eki ushi’nan uslap wo`z qamshi’si’ni’n` u`stinen wo`zi 4 ret sekirip woyi’n juwmag`i’nda barli’q woyi’nshi’lar qamshi’lari’n joqari’ uslap turi’p juwmaqlaydi’.

Muzi’ka qa`bileti insanni’n` wo`mir ta`jiriybesin bayi’tadi’. Bunday ritmikali’q ha`reketlerdi qollani’p, belgili bir mazmundi’ keltirip shi’g`ari’w ushi’n woqi’wshi’lardan izleniwshilik (tvorchestvo) talap etiledi. ha`m to`mendegi problemali’ wazi’ypalar kelip shi’g`adi’.

1. Nama xarakterine, mazmuni’na talqi’ jasaw, an`li’ seziw. (melodiya ne aytpaqshi’).

2. Ko`rsetilgen ha`reketlerge qosi’msha ja`ne qanday ha`reketler kerek (woyi’n mazmuni’ qi’zi’qli’ boli’wi’ ushi’n).

3. Sezim, tuyg`i’lari’n izleniwshen`lik penen ha`reket ha`m ju`z kelbeti arqali’ jetkerip beriw wazi’ypalari’ ju`klenedi.

Bul jerde problemali’ wazi’ypa degende Milliy ideya, an`-pikirdin` qa`liplesiwi. Ata-babalari’mi’zdi’n` milliy da`stu`rlerinen u`rip-a`detlerinen paydalana woti’ri’p, wolardi’ dawam yettiriw, ta`rbiya qurali’na aylandi’ri’w na`zerde tuti’lg`an.

Usi’ bag`darda «Bali’qshi’lar», «Shopanlar», «Aq terekpe-ko`k terek», «Man`lay shertpek», «Arpa-gu`rpe», «A’welemen-du`welemen», «Qasharman», «La`nki», «Shu`llik» woyi’nlari’nda da Muzi’kali’ ha`reketler menen sho`lkemlestiriw kerek boladi’.

Bul biz woqi’ti’wshi’lardan sapali’ qa`niyge tayarlaw bari’si’nda yele de tariyxqa na`zer taslap zamanago`y usi’lda sabaqlardi’ sho`lkemlestiriwdi, quri’wdi’, du`ziwdi talap yetedi degen so`z.

## **Juwmaqlaw** .

A`sirler dawami'nda woyi'nlar muzi'ka insaniyati'n insani'yli'qqa , Ana Watang`a muxabbat , ma`rtlik, pidayi'li'q , opadar go`zzal ruwhta ta`rbiyalap keldi.

G`a`rezsizlik sharapati' menen qa`diriyatlari'mi'z tiklendi, muzi'kag`a , sportqa, milliy woyi'nlarg`a ja`nede itibar arti'p basladi'. Balalardi' kishkene baqsha jasi'nan baslap ta`rbiyalaw ma`mleketimizdegi ma`deniy turmi'sti'n` joqari'lawi', balani'n` ha`r ta`repleme rawajlani'wi'nda, salamat boli'wi'nda bala organizmin shi'ni'qti'ri'wg`a u`lken itibar qarati'ldi'.

Balalardi'n` woyi'n ha`reketleri, xali'q qosi'q ha`m namalari' ha`m woyi'nlari' arqali' ta`rbiyalaw, fizikali'q jaqtan ta`rbiyalawdi'n` yen` a`hmiyetli qurali'na aynali'p bari'lmaqta. Balalardi'n` ha`reket xi'zmetin sho`lkemlestiriwge qoyi'latug`i'n talaplar tezlikti artti'ri'w, shaqqanli'q, shi'damli'li'q si'patlari'n wo`siriw, kewil ashar woyi'nlar, xali'q woyi'nlari' muzi'kali'q ta`lim beriwde wazi'ypalari' jolg`a qoyi'lg`an. Wazi'ypalardi' atqari'w ha`r ta`repleme rawajlang`an, zaman talaplari'na juwap beretug`i'n salamat a`wladti' ta`rbiyalaw menen baylani'sli'.

Pedagog tarbiyashi woyi'nni'n` mazmuni'n, muzi'kani'n` xarakterin tusinip, jumi's ali'p barg`anda g`ana balalar ha`r ta`repleme , shaqqanli'q, ma`rtlik, juwapkershilik, a`dep ikramli'li'q tuyg`i'lar ,Watan suygishlik tuyg`i'lardi' ja`ne de teren`irek iyeleydi. Ha`r –qi'yli' ta`rbiya soni'n` menen qatar estetikali'q, a`dep ikramli'li'q ta`rbiya sahalari' bir-biri menen baylani'sqan xalda ali'p bari'lsa g`ana salamat a`wladti' du`n`yag`a keltiriwi mumkin.Muzi'ka qa`biletlerinin` wo`siwine , arnawli' qa`biletlerdin` qa`liplesiwine mi'sali': qosi'q ayti'w, dawi's apparati' ha`m qosi'q ayti'w qa`biletlerinin` rawajlani'wi'na ja`rdem beredi.

Muzi'kali'q ta`rbiya payti'nda bir qatar arnawli' wazi'ypalar a`melge asi'ri'ladi'. Muzi'ka arqali' emotsional ta`sirdi wo`siriw bul wori'nda ko`rgizbeli atqari'w ham shi'g`arma mazmuni' haqqi'nda obrazli' so`zlep beriw ju`da` a`hmiytli.

Pedagog a`meliyatta muzi’ka fol`klori’, klassik ha`m zamanago`y shi’g`armalardi’n ken` paydalanadi’. Yeger balani’n` muzi’kali’q shi’g`armani’ ti’n`lap ati’rg`anda, ayaq woyi’n woynap ati’rg`anda qadag`alap bari’lsa, woni’n` qi’ymi’l ha`reketlerdi islewde isenim payda boladi’. Muzi’ka a`dep ikramli’li’q pa`ziyletlerin ta`rbiyalawda wo`zinin` jaqi’nlari’na, ana Watani’na , xalqi’na, woni’n` qaharmanlari’na muxabbat woyati’wg`a ja`rdem beredi. Uli’wma muzi’kali’q qa`bileti , jeke qa`biletlerdi, qosi’q ayti’w qa`biletin wo’siriw degendi an`latadi’.

Qosi’q ayti’wg`a u`yretiw metodikasi’nda bag`darlamadag`i’ vokal ko`nlikpelerinin` qa`liplesiwi na`zerde tuti’ladi’. Qosi’qshi’li’q dawi’si’ , muzi’ka qa`biletin asi’ri’w, muzi’ka sawati’ elementlerin iyelew, mektepte notalar boyi’nsha qosi’q ayti’wg`a imkan beredi. Woqi’ti’wshi’ qosi’q ayti’wdi’ u`yretkende , balalar woni’ qalay u`yrengeligin gu`zetip baradi’ . Mi’sali’: dawi’s payda yetiw ustinde islewde u`lken adam yaki jaqsi’ qosi’q aytatug`i’n bala qi’li’p atqari’w kereligin ko`rsetip beredi.

Bul woyi’n bayramlarda woynaladi’ . Shartli ra`wishte atqari’latug`i’n balalar bal`ni’y woyi’nlari’ , vals ha`m pol`ka xarakterindegi woyi’nlar balalarg`a balli’ ayaq woyi’nlardi’n` elementlerin u`yretip baradi’. Bunda shoq, kewilli ta`kirarlani’wshi’ ha`rket sxemalari’ tiykarg`i’ rol` woynaydi’. Xarakterli ayaq woyi’n belgili bir personaj obarzi’n ko`rsetip beredi. Mi’sali’ qoyanlar, qasqi’r , qoraz ha`m basqalar belgili bir instsenirovkalarda yerkin woyi’n si’yaqli’ woynali’p ko`rsetiledi.

Joqari’da ayti’p wo`tilgen ayaq woyi’n ha`m woyi’nlar mekteplerde , baqsha jasi’ndag`i’ a`sirese worta ha`m joqari’ toparlarda atqari’ladi’. Kishi toparlarda yen` an`sat ha`m a`piwayi’ woyi’n ha`reketleri tiykari’nan woyi’nshi’qlar ha`m tu`rli woyi’nlar menen birge qosi’p a`melge asi’ri’ladi’. Soni’n` ushi’n kishkene jastag`i’ balalarg`a ayaq woyi’n ha`m roli woyi’nlar a`lbette jobalasti’ri’ladi’.

Balalarg`a  woyi’n ha`m  ayaq woyi’n u`yretkende  u`lken shi’ni’g`i’wlar islew ja`rdem beredi. Soni’n` ushi’n  ayi’ri’m woyi’n ha`m ayaq woyi’nlardi’ u`yretkende yen` birinshi ayri’m  ha`reket  elementlerin shi’ni’g`i’w si’pati’nda uyreniw maqsetke muwapi’q. Bunda xa`r bir xareket elementin woqi’ti’wshi’ ani’q ha`m ko`rgizbeli ra`wishte ko`rsetilip beriwi lazi’m.

Ayaq woyi’n u`yretkende saz a`sbaplardan u`nemli paydalani’w tiykarg`i’ wori’ndi’ iyeledi. Fortepiano tiykarg`i’ jetekshi saz a`bap yesaplanadi’. Fortepianog`a qosi’msha  da`p,  rubab, duwtar a`sbaplari’nan paydalani’w  jaqsi’ na`tiyje beredi.

Tiykari’nan milliy ayaq woyi’nlar. Masalan: "shabandoz", "qara jorg`a", "Andijon polkasi" ha`m basqalari’n u`yretiwde  fortepiano menen birgelikte xali’q saz a`sbaplari’nan paydalani’w balalarda qi’zi’g`i’wshi’li’q woyatadi’.

Juwmaqlap kele aytari’mi’z balalardi’n` ha`r ta`repleme wozi’q woyli’, ma`deniyatli’, a`dep –ikramli’, salamat bala boli’p wo`siwinde muzi’kali’q ritmikali’q ha`rketlerdin` worni’ u`lken a`hmiyetke iye.

## Paydalangan adebiyatlar

1. «Uchinchi ming yillikning bolasi» Wquv qwllanma T, Ma`rifat-madodkar, 2002

2. Al`sira Legaspi de Arisendi Doshkol`noe muzikal`noe vospitanie M. Progress, 1989.

3. Ayimbetov Q. Xaliq danalig`i N «Qaraqalpaqstan», 1988,

4. Ayimbetov Qaraqalpaq fol`klori N.Qaraqalpaqstan 1977.

5. Abdullaeva U. «Baxitli balaliq» T. «Yangi asr avlodi», 2005

6. Amaniyazov G`. Kelin` birge qosiq aytayiq N.Bilim-1994

7. Vetlugina N.A. Metodika muzikal`nogo vospitaniya v detskom sadi. M.Prosveshenie. 1989.

8. Qurbanov I., Qaraqalpaq balalar a`debiyati N.Bilim, 1992, 188-bet.

9. Nurmatov X, Norxujaev N, G' Amaniyazov G' Muzi'ka sabaqlig'i 1 kl. Toshkent – Gafur Gulom 2012 yil

10.O.Ibraximov va J. Sadirov 7-sinf darslik "G'afur G'ulom" nashryoti Tashkent-2001 yil

11. O.Ibraximov, J.Sadirov, S.Tajetdinova va G.Ul`fetova 7-sinf darslik "G'afur G'ulom" nashryoti Tashkent-2008 yil

12.A. Ibraximov, A.Qoshaev, Q.Qurbanov Muzi'ka 4-klass ushi'n sabaqli'q "G'afur G'ulom" ati'ndag`i' baspa-poligrafiyali'q do`retiwshilik u`yi Tashken-2013

13.Roters. Muzikalno -ritmicheskoe vospitanie i xudojestvennaya gimnastika.M. «Prosveshi'enie» 1989

14.Gimnastika i metodika pripodovaniya pod obshi'ey redaktsiey i.B.Povlova

15. Gimnastika i metodika pripodovaniya ucli'ebnik dlya instetutov

## Internet saytlar:

http://images.google.ru.
www.Ziyo. net.
http://www//uralrti/ru.